ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№138 (24.732) • 2024 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

## Іуащхьэмахуэ лъапэ къапоплъэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ Москва щыхуэзащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергейрэ «Кавказ. РФ»–м и генеральнэ унафэщІ Юмшанов Андрейрэ.**



НЭХЪЫЩХЬЭУ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм адэкІи зэрызрагъэужьынур, абы и 55-нэ лъэрыжэ къежэхыгъуэ пІалъэр куэд мыщІэу къызэрызэІуахынур. ЛыжэкІэ къыщажыхь гъуэгухэр щэкІуэгъуэм и 25-м ирихьэлІэу ягъэхьэзырыну я мурадщ, щІымахуэ лэжьэгъуэ пІалъэр дыгъэгъазэм и 7 - 8-хэм къызэІуахынущ.

Хабзэ зэрыхъуам тету, япэу къызэІуахынущ «Гарабаши» станцым къыщыщІэдзауэ «Мир»-м нэс кІуэ лыжэ гъуэгур. Иджыпсту а гъуэгу Іыхьэм уэс ІэрыщІхэр трагъэзагъэ. Абы и фІыгъэкІэ, Кругозор - Азау гъуэгу Іыхьэм лыжэкІэ пІалъэ нэхъ кІыхькІэ къыщыбжыхь хъунущ. Апхуэдэуи мы щІымахуэм иджыри кІапсэ гъуэгуитІ щІэуэ къыщызэІуахынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Азау хуейм хъыбарегъащІэ центр къызэрыщызэІуахыр, абы и фІыгъэкІэ цІыхухэр зыхуеину Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ псынщІэу къагъуэтынущ. Апхуэдэуи «Мир» станцым, Іуащхьэмахуэ зыхъумахэм я фэеплъым деж, зыщуплъыхь утыкущІэхэр щащІащ, сурэт зытрегъэхыпІэ иІэщ.

Метр 4100-рэ и лъагагъыу тет «ПщыкІузым я егъэзыпІэ» хьэщІэщри зрагъэпэщыжынущ. Абы къыщыувыІэ хъунущ альпинистхэр, щІэсынущ къегъэлакІуэхэр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, нэгъабэ щІымахуэм Іуащхьэмахуэ турист мелуан нықъуэ къэкІуащ, гъатхэпэм нэхъыбэжым зыщагъэпсэхуащ, зэи къэмыхъуауэ.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм я бжыгъэр хэхъуэ зэпытщи, а щІыпІэр дяпэкІи ирагъэфІэкІуэнущ.

## Хэхъуэр нэхъыбэщ

**Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Чайкэ Юрийрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ зэхуэзэри тепсэлъыхьащ дзэ Іуэху хэхам щыІэ щІалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэм, республикэм и зэІузэпэщыныгъэм зэрыхагъахъуэм, блэкІа мазибгъум экономикэр зыхуэдам.**

ЩІЫШЫЛЭ - фокІадэ мазэхэм ди хэгъэгум къыщыщІагъэкІахэр хэхъуащ проценти 117-кІэ, япэ мазихым мылъку зиІэхэм абы къыхалъхьащ, ар сом мелард 19,6-рэ. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъумкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым еблагэ увыпІэр щиІыгъщ Урысейм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэр къапщтэмэ, псом япэ дитщ. Мы гъэм лъэпкъ проектхэм я фІыгъэкІэ, ухуэныгъэу ирагъэкІуэкІ 64-м ящыщу 30-р къызэІуахащ.

БлэкІа мазибгъум тепщІыхьмэ, республикэм езым къилэжьыж мылъкур процентi 119-рэ хъуащ, налог хэхъуэу иІэр процент 11-кІэ нэхъыбэщ.

КъулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ республикэм 2030 гъэ пщІондэ псэукІэм, экономикэм ехьэлІауэ зэрызиужьыну Іэмалхэр зыхуэдэм.

Республикэ Іэтащхьэм Чайкэ Юрий фІыщІэ хуищІащ сыт щыгъуи закъызэрыщІигъакъуэм папщІэ.



## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым щІидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кІэпІейкІэ 56-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кІэпІейкІэ 54-рэ.**

Ди индексыр П5894

## Ящымыгъупщэж гузэвэгъуэ



**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Помнить, чтобы жить» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэр илъэс 20 зэрырикъуам теухуауэ.**

КЪЫЖЫІАПХЪЭЩ: Беслъэн къалэм щыпсэу анэхэм мы выставкэр 2019 гъэм къызэрагъэпэщащ, ар япэу щагъэлъэгъуари Налшык къалэрщ. КъыкІэлъыкІуэу, лэжьыгъэхэр къэралым и щІыналъэ куэдым яшащ. Гъэлъэгъуэныгъэр щыхьэт тохъуэ а щІэпхъаджагъэм кърикІуа гузэвэгъуэм. Абы хэкІуэдахэм я сурэтхэр плъагъуну гуузщ, а псор зи нэгу щІэкІа цІыхухэм залымыгъэкІэ гъэнщІа махуэхэр зэи ягу зэримыхунур хьэкъщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ теракт нэужьым траха сурэтхэр, къыдагъэкІа документальнэ тхылъхэмрэ фильмхэмрэ. Апхуэдэщ «Беслан», «Школа номер один», «Город маленьких ангелов», «Беслан. Жизнь за ангелов», «Беслан. Помни», «Беслан. День незнаний», «Надежда», «Письма террористу» фильмхэр. Тхыдэр зи лъабжьэ гъэлъэгъуэныгъэм дыкъыхуреджэ апхуэдэ гузэвэгъуэм зыщытхъумэным, цІыхугъэр тфІэмыкІуэдыным.

Теракт нэхъ гущІэгъуншэхэм ящыщу тхыдэм къыхэнауэ къалъытэ Беслъэн къалэ школым къыщыхъуа гузэвэгъуэр. Абы цІыху 330-рэ хэкІуэдащ (186-р сабийщ), цІыху 800 уІэгъэ щыхъуащ. Выставкэм щыжаІащ терактым ипэ къиухуэу, я псэм ищІам хуэдэу, сабийхэм мафІэм ис я школыр, мелыІычхэр къыщыхьа сурэтхэр зэращІауэ щытар, лІэныгъэм теухуа усэхэр зэратхар.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым жиІащ Беслъэн къалэм щыпсэухэм терактым щыгъуэ къагъэлъэгъуа шыІэр, къакъуэкІа лІыгъэр зэрыщапхъэр, а къэхъугъэ шынагъуэм къытримыгъэзэжын папщІэ ар зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунур.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Текуев Амурбий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ ди къуэш республикэм - Осетие Ищхъэрэ - Аланием - къыщыхъуа гузэвэгъуэр цІыхухэм ягу зэрилъыр, абы щыпсэухэм зэрадэщыгъуэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм зыкърагъэхьэлІащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ хэтхэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, студентхэм.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дыгъуасэ



# Хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм я жэуаплыныгъэм теухуат

**Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ абы и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэмрэ дыгъуасэ видеоконференц зэгъусэу ирагъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ политикэ щытыкIэр къэлъытауэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я тхыгъэхэр зэрызэбграгъэкIыпхъэ мардэхэмрэ Украинэм дзэ Iуэху хэха зэрыщекIуэкIым къыхэкIыу журналистхэм къалъыкъуэкI гугъуехьхэмрэ.**

КОНФЕРЕНЦЫР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жыласэ Заурбэч. Iуэхум хэтащ «КъБР-Медиа» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Холаев Тамерлан, республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр: «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ранетэ, абы и къуэдзэ Гуртуев Расул, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэн, КъБР-м и хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Аттаев Азнор, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Суановэ Залинэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ сымэ.

- ЗэрыфщIэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм гулъытэшхуэ хуащI дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIыр цIыхухэм я деж нэхьэсыным. Тхыгъэхэр ятыдоухуэ ди лIыхъужьхэм, абыхэм ди жылагъуэр зэрадэIэпыкъум, УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэкIэ зэрыдэлэжьэнум Iэ зэрытрадзэм. Апхуэдэуи дзэ комиссариатхэм допсалъэ. Сыт иджыри тхуэщIэнур мы Iуэхум ехьэлIауэ?! Аращ нобэ дызытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр, - жиIащ Жыласэм.

Абы къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ видеокIэ зэпсэлъэну зызыпащIа IэщIагъэлIыр - Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм дунейпсо Iуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщI, Союзым и секретарь Шафир Тимур. Къэгъэлъэгъуэн хуейщ, ар лэжьыгъэ Iуэхукlэ Ирак, Палестинэ, Сирие, Судан, нэгъуэщI щIыналъэхэми зэрыщыIар, Урысейми хамэ къэралхэми я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэрапыщIар, абыхэм «Россия-24» каналри яхэту.

«Шафир Тимур Москва бзэхэмкIэ и къэрал университетым коммуникацэ технологиехэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэщ, иджырей журналистикэм теухуа щIэныгъэ тхыгъэ пщIы бжыгъэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Хэку хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зегъэужьыным и гуащIэ зэрыхилъхьэм къыпэкIуэу, абы къыхуагъэфэщащ УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм «Зэдэлэжьэныгъэр зэрыригъэфIакIуэм папщIэ» и медалыр», - къыхигъэщащ Жыласэ Заурбэч.

Шафир Тимур псоми фIэхъускIэ захуигъэза нэужь, жиIащ щIыналъэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэм тепсэлъыхьыну зэрызэхуэсар.

«Къалэн мытыншхэр дгъэзэщIэн хуейуэ къытпэщылъщ, сыту жыпIэмэ гъэунэхуныгъэ дызыхэтым ди гъащIэм и лъэныкъуэ псори къеубыд. Ар хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми ехьэлIащ, - жиIащ абы. - Журналистхэм зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым къытеддзэ дэтхэнэ ди псалъэми къаруушхуэ зэриIэр, ар цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм хуэгъэзауэ щытын зэрыхуейр. Жылагъуэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм дзыхь къыхуащIыным куэд елъытащ, абы къыхэкIыуи Iуэхум и пэжыпIэм псом япэу ар щыдгъэгъуэзэн хуейщ. ЕтIуанэрауэ, дызыхэпсэукI зэманым къыщыхъухэм къищынэмыщIа, цIыхум я гур фIы зыщI Iуэхугъуэхэри лъэныкъуэ едгъэз хъунукъым. Ещанэу къыхэгъэщыпхъэщ, хьэрпхъэр гуэр къэмыхъуным дызэрыпэщIэтыпхъэр. Нэхъыжьми нэхъыщIэми, къэрал IэнатIэ Iутми, хьэрычэтыщIэми, цIыху къызэрыгуэкIми, дэтхэнэми къызэрыгурыIуэну бзэкIэ «депсэлъэн» хуейщ. Ди псалъэм кърикIуэнур зэхэтщIыкIыпхъэщ. Иджыпсту, зэрытщIэщи, хъыбарегъащIэ IэмалкIи «зауэ» ирагъэкIуэкIыну хэтщ Урысейм къыпэщIэувахэм. Абы щхьэкIэ соцсетхэри къагъэсэбэп, цIыхухэм я гупсысэр зыхуеймкIэ яунэтIын мурад яIэу. ЖысIэнуращи, хъыбар нэпцIхэм дапэщIэтын хуейщ, ахэр и чэзум къыщIэдгъэщын хуэдэу».

Шафир Тимур тепсэлъыхьащ зэхэщIыкI Iэрыщlыр къызэрыунэхуам гугъуехьхэр къишэнкIэ хъуну къызэралъытэм теухуауэ иIэ еплъыкIэми. Абы жиIащ а Iэмалым журналистхэм я лэжьыгъэр иригъэкIуэтынкIэ хъуну къызэралъытэмкIэ зэрымыарэзыр, сэбэп хъуну фIэкIа. Псалъэм папщIэ, апхуэдиз хъыбарыр зэхэдзынымкIэ зэран зэримыIэнур.

КъищынэмыщIауэ, хьэщIэм дыщIигъуащ щIыналъэхэм я къыдэкIыгъуэ нэхъ цIыкIу дыдэхэри сакъын зэрыхуейр, «зыми къалъагъунукъым» жамыIэу, я лэжьыгъэм зэрегугъупхъэр. «Иджыпсту дуней псоми я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр апхуэдизкIэ щIэгъэхуэбжьауэ мэлажьэри, щIыналъэ нэхъ пхыдза дыдэми къыщыдэкIа тхыгъэр утыкушхуэ къихуэнкIэ хъунущ», - къыхигъэщащ абы.

Холаев Тамерлан жиIащ илъэсыр къызэрихьэрэ СВО-м теухуа тхыгъэ 2183-рэ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэрытрагъэдзар. Абы къыхилъхьащ Iэмал имыIэу мазэм зы аналитикэ тхыгъэ зи гугъу ящIым ехьэлIауэ традзэн зэрыхуейр. «Псом хуэмыдэу хъыбар нэпцIхэр зэрызэбграгъэкIым дызэрыпэщIэт лэжьыгъэр нэхъри щIэдгъэхуэбжьэн хуейуэ къызолъытэ. Дзыхь зыхуэтщI сайтхэрщ къэгъэсэбэпыпхъэр. Апхуэдэщ «Объясняем РФ» сайтыр. СвязымкIэ, хъыбарегъащIэ технологиехэмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмрэ ехьэлIауэ кIэлъыплъыныгъэр къызэзыгъэпэщ федеральнэ IэнатIэм (Роскомнадзор) хамэ къэрал агенту къалъытахэр зэрыт къеIыхыпхъэщ. КъищынэмыщIауэ, зэрыфщIэщи, щхьэхуит къащIыжа щIыналъэхэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, ахэр зэрагъэпэщыжын и лъэныкъуэкIэ. Сэ зэрысщIэмкIэ, республикэм и хъыбарегъащIэ агентствэр Урысейм и щIыналъэщIэхэм ядолажьэ, щIыпIэхэм щекIуэкI Iуэхухэр жыджэру къаIэрохьэ. Апхуэдэу адэкIи щытын хуейщ», - жиIащ Холаевым.

ЗэIущIэм хэтахэм Шафир Тимур упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ, и Iуэху еплъыкIэм зыщагъэгъуэзэн мурадкIэ.

Жыласэ Заурбэч жиIащ конференцым щыжаIахэм гулъытэ хэха зэрыхуащIынур, лIыхъужьхэм дазэрытетхыхьым адэкIи журналистхэм зэрыпащэнур, дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэр зыхэт гупхэм дапыщIа хъунымкIэ щыIэ Iэмалхэми егупсысын зэрыхуейр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Журналистикэр - Кавказым

**ЩэкIуэгъуэм и 13 - 14 махуэхэм Осетие Ищхъэрэ-Аланием и къалащхьэ Владикавказ щекIуэкIащ «PRO-Кавказ» лъэпкъыбэ медиазэхыхьэ иныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы щыIащ «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», Советская молодёжь» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Жыласэ Заурбэч, Конаков Хьэсэн, Къаныкъуэ Заринэ, Суановэ Залинэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Гуртуев Расул, «1 КъБР» телеканалым и редактор нэхъыщхьэ Хъуэст Алим, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и журналист Беслъэней Ленэ сымэ.**

МЫ ГЪЭМ ещанэу екIуэкI зэхыхьэшхуэм хэтщ журналист, блогер, къэрал къулыкъущIапIэхэм я пресс-IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, хъыбарегъащIэ агентствэхэм я лIыкIуэу цIыху 400-м щIигъу. Япэ махуэм, зэIущIэр къыщызэIуахым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и щIыгум Урысейм и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм къикIауэ щеувэха хьэщIэхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ республикэм и Iэтащхьэ Меняйлэ Сергей. Абы жиIащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ «зауэ щрагъэкIуэкI» мы лъэхъэнэм журналистхэм я пщэм жэуаплыныгъэшхуэ къызэрыдэхуэр, абыхэм къэхъукъащIэм хуаIэ еплъыкIэр зэпэшэчауэ, егупсысауэ цIыхухэм я пащхьэ зэрыралъхьапхъэр. «Тхыдэр зытхыр цIыхухэрщ, фэри дэри дащыщщ абыхэм. Дэ хэкупсэу дыщытмэ, долъагъу икIи къыдгуроIуэ зауэ къызэрыдащIылIар. Аращ ди къэралым дзэ Iуэху хэхар иригъэкIуэкIынми щхьэусыгъуэ хуэхъуар.

Мы зэхыхьэм и къалэн нэхъыщхьэр Кавказ Ищхъэрэм, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щылажьэ журналистхэр зэкъуэгъэувэнырщ. Дэ, псом хуэмыдэу журналистхэм, фIыуэ къыдгурыIуэн хуейщ дунейм щекIуэкIхэр псори, ахэр екIуу къагъэлъэгъуэжу, я пащхьэ къиувэ къалэнхэм пэлъэщу щытыпхъэщ. КъищынэмыщIауэ, мы зэхуэсым гупсысэ купщIафIэ куэд утыку къыщрахьэну, дэтхэнэми и щIэныгъэм щыхэхъуэну, и Iэзагъым зыщиужьыну согугъэ», – жиIащ хэгъэгу унафэщIым. УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий форумым хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ РСО-Аланием федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу щыIэ Гончаров Сергей.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъэну, мастер-классхэр щрагъэкIуэкIыну кърагъэблэгъащ театрымрэ киномрэ я актер цIэрыIуэ Пореченков Михаил, «ТАСС Кавказ» хъыбарегъащIэ щIыналъэ центрым и тхьэмадэ Гаджибалаев Низами, Япэ каналым и тележурналист Смол Александр, эксперт, политолог, военкор, теленэтын езыгъэкIуэкIыу 40-м щIигъу.

Абыхэм пэш зэпэщхьэхуэхэм лекцэ къыщеджащ, утыку хэхахэм мастер-классхэр щрагъэкIуэкIащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, журналистхэм нейросетыр я лэжьыгъэм тыншу къызэрыщагъэсэбэпыфыр, езыхэм къагупсыса медиа Iуэхум псынщIэу зэрызрагъэужьыфынур ягъэлъэгъуащ, пресс-конференцхэр екIуэкIащ, зэманым къигъэув гугъуехьхэм, ахэр къызэнэкIа хъунымкIэ хэкIыпIэхэм тепсэлъыхьащ.

Куэд дихьэхыу едэIуащ зауэм щыIэ корреспондент Сладков Александр и къэпсэлъэныгъэми, езыхэри зыщIэупщIар мащIэкъым: зауэлIхэр камерэм къищу къопсэлъэн ядэрэ, къулыкъущIэхэр дзэ Iуэхум зэIухауэ тепсэлъыхьрэ, сюжетхэмрэ статьяхэмрэ хэт ирагъэплъыжын хуей хъур? Урысейм и журналистхэм гурагъэIуащ социальнэ сетхэм зэрызебгъэужьынур, эфир занщIэм узэрыщылэжьэн хуейр, тыншу утхэу, дахэу упсалъэу зэрызебгъэсэнур. Мы зэхыхьэр хуабжьу IэмалыфIщ лэжьыгъэм и пIалъэкIэ узэчэнджэщыным, щIэ куэд къэпщIэным теухуауэ.

Абыхэм я гугъу ящIащ нобэ дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщу хъыбарыпцIхэмрэ пэжхэмрэ зэхэбгъэкIыфу зэрызебгъэсэнум. Ди зэманым сыт хуэдэ хъыбарегъащIэ IэмалымкIи щхьэж зыхуейр къет. Зыгуэрым сыкъигъэпцIэнкIэ, сыщигъэуэнкIэ хъунущ жыпIэу, хъыбарыщIэхэм уеплъын, уедэIуэн щыбгъэт хъунукъым, дауи, атIэ ахэр зэхэбгъэкIыфу зебгъэсэн хуейуэ аращ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «PRO-Кавказ» лъэпкъыбэ медиазэхыхьэ иныр Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Iэтащхьэ Меняйлэ Сергей и жэрдэмкIэ илъэс ещанэ хъуауэ йокIуэкI. АбыкIэ я мурад нэхъыщхьэр медиа IэнатIэм щылажьэхэр зэрыгъэцIыхунырщ, зэкъуэгъэувэнырщ, хъыбарегъащIэ IэнатIэ лъэщ, пэж ухуэнырщ, ар иджырей бжьыгъэхэр зи лъабжьэ жыпхъэм игъэувэнырщ. Ар хъарзынэу къазэрехъулIэр къалъытащ ди республикэм щыщу абы хэта журналистхэми.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**





# Я къэухьым зрагъэубгъу

**Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ къэрал Лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щIалэгъуалэр зэрыщахъумэ Iэмалхэр зыхуэдэм.**

ЗЭХЫХЬЭМ кърагъэблэгъат Нашык къалэм и курыт еджапIэ №5-м и 9 - 11 классхэм щеджэхэр. Абыхэм къаIущIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат. Абы жиIащ ныбжьыщIэхэр мы Iуэхум зэреплъыр къащIэну зэрыхуейр, апхуэдэуи яфIэгъэщIэгъуэнхэм щIэупщIэну Iэмал зэраIэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу пщIы бжыгъэ исщ, дин IуэхущIапIэу 193-рэ щыIэщ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди Хэкум и къулеягъэ нэхъыщхьэр мыбы щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зэрыарар, - жиIащ Гергоковым.

ЩIалэгъуалэм къепсэлъащ УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и лэжьакIуэхэм ящыщи.

«Зэрыхабзэу, щIалэгъуалэм я гупсысэр езым зэрыхуейм хуэдэу зыунэтIыну иужь итхэр нэгъуэщI къэралхэрщ здэщыIэр, икIи абы щхьэкIэ социальнэ сетхэр къагъэсэбэп. Зыщывмыгъэгъупщэ, къыфIэрыхьа хъыбарым и пэжагъыр псом япэу зэхэвгъэкIын зэрыхуейр е дзыхь зэбгъэз хъуну IуэхущIапIэхэм зэрызыхуэвгъэзапхъэр», - къыхигъэщащ министерствэм и лэжьакIуэм.

«Терроризмэр щIэпхъаджагъэ нэхъ шынагъуэ дыдэхэм ящыщщ. Абы хэкIуадэр цIыху мамырхэращ», - жиIащ къыщыпсалъэм КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Амщыкъуэ Анджелэ.

Урыс члисэм и Пятигорск, Черкесск Епархием и къудамэм и унафэщI Осипов Константин ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ диным и лъабжьэр яджыну, я къэухьым зрагъэужьыну, къаIэрыхьэ хъыбархэр губзыгъэу зэрагъэзэхуэну, экстремизм гупсысэхэр зэбгрызыгъэкIхэм Iуэху дамыщIэну.

ЩIалэгъуалэри куэдым щIэупщIащ, диным ехьэлIауэ, къэралыр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыпэщIэт щIыкIэм теухуауэ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# МэкъумэшыщIэхэм зыщIагъакъуэ

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и ахъшэ гъэтIылъыгъэм къыхэкIыу худэчых зыхэт кредитхэмкIэ мэкъумэшыщIэхэм защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ лажьэ къэрал программэм сом мелард 30-м щIигъу иджыри дыщIагъунущ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Iэ тридзащ Мишустин Михаил.**

МЭКЪУМЭШ продукцэхэр къыщIэгъэкIынымрэ абыхэм елэжьынымрэ ехьэлIауэ мэкъумэш-промышленнэ комплексым и IуэхущIапIэхэм ипэкIэ къыIаха кредит мин 50-м щхьэкIэ субсидие иратыжынущ. Ар къызыхэкIар Урысейм и Банкым игъэув ставкэ нэхъыщхьэм и процентыр 21-рэ зэрыхъуарщ. МэкъумэшыщIэхэм зэрыхудачых мардэм тету ират кредитхэр хъума хъуну правительствэм къилъытащ абы и фIыгъэкIэ.

«Догугъэ ди унафэр мэкъумэшыщIэхэм къахуэщхьэпэну, къыщIагъэкI продукцэм и куэдагъым кIэрамыгъэхуну, IэнатIэми зиужьыну. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ Iуэхугъуэщ къэралым къыщыщIагъэкI мэкъумэш продукцэмкIэ ди цIыхухэр ирикъуу къызэгъэпэщыныр», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Апхуэдэуи абы УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм унафэ хуищIащ фIагъ лъагэ зиIэ ерыскъыкIэ цIыхухэр ирикъуу къызэгъэпэщыныр и нэIэ щIигъэтыну.

Худэчых зыхэт кредитхэмкIэ мэкъумэшыщIэхэр дэIыгъыным ехьэлIауэ лэжьэ программэр 2017 гъэм ирагъэжьащ. Абы ипкъ иткIэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм Iэмал яIэщ пIалъэ кIэщIкIэ (илъэситIым нэхърэ нэхъыбэ мыхъуу) е инвестицэ кредиту (илъэс 15-м щIимыгъуу) ахъшэ щIыхуэ банкхэм къыщащтэну.

Къэдгъэлъагъуэмэ, дызэрыт илъэсым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм лъэIуу 7 ятащ пIалъэ кIэщIым тещIыхьа, худэчых зыхэт кредит къащтэн мурад яIэу, псори зэхэту сом мелуан 204,1-рэ хъууэ, инвестицэ кредитхэм щхьэкIэ - 15, псори зэхэту сом меларди 3,2-рэ хуэзэу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




● Махуэгъэпс

# КIэкъинэхэми - теплъэщIэ

**ЩэкIуэгъуэм и 15-р КIэрыхубжьэрыхухэм хэлэжьыхьыжыным (рециклинг) и дунейпсо махуэу къэрал зыбжанэм щокIуэкI.**

«РЕЦИКЛИНГ» псалъэр къызытехъукIар инджылызыбзэщ, къызэрыбгурыIуэ хъунури «хэлэжьыхьыж» мыхьэнэр къикIыущ. Къытрагъэзэжу зэрагъэзэхуэж кIэкъинэхэм ящыщщ абджым, хьэфэм, пластикым, полиэтиленым къыхащIыкIа хьэпшыпхэр, тхылъымпIэр, гъущIхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр, щыгъыныжьхэр, къинэмыщIхэри.

Iуэхур зыхуэгъэзар кIэрыхубжьэрыхухэр щIэрыщIэу къэгъэсэбэпыжыным ехьэлIа лэжьыгъэ щхьэпэм къэрал къулыкъущIапIэхэм Iутхэм, жылагъуэм, апхуэдэуи промышленностым пыщIа IэнатIэхэм гулъытэ хэха хуегъэщIынырщ.

Къэрал куэдым, гъэ къэс, щэкIуэгъуэм и 15-м щрагъэкIуэкI кIэрыхубжьэрыхухэм хьэпшыпыщIэхэр къахэпщIыкI зэрыхъунур нэрылъагъу къыпщызыщI гъэлъэгъуэныгъэхэр, щIыуэпсым, дыкъэзыухъуреихь дунейм щысхьын, хуэсакъын зэрыхуейм гупсысэр хуэзышэ концертхэр, псапэ зыпылъ Iуэхухэр.

Зи гугъу тщIы махуэм щIэдзапIэ хуэхъуауэ къабжар США-м 1997 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м щызэхаубла Iуэхугъуэрщ - абы щыгъуэщ а къэралым япэ дыдэу щыщекIуэкIар кIэрыхубжьэрыхухэм щыхэлэжьыхьыжа щIыхьэхушхуэу щIыуэпсым дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэу къалъытар. Абы иужькIэщ а махуэр къэрал куэдым ягъэлъэпIэн щыщIадзар.

ЖыпIэнур арамэ, кIэрыхубжьэрыхум зэбгъэзэхуэж, уеблэмэ хьэпшыпыщIэхэр къахэпIущIыкIыж зэрыхъунум ди адэжьхэри егупсысу щытащ. Жыжьащэ дымыIэбэу къыхэдгъэщынщи, дыщыпсэуа къэрал абрагъуэу СССР-ми щрагъэкIуэкIырт нэхъыщIэ цIыкIухэр, уеблэмэ жылагъуэр къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ дахэу тхылъымпIэжьхэмрэ гъущIхэкI кIэрыхубжьэрыхухэмрэ щызэхуахьэсыж щIыхьэхухэр.

КIэрыхубжьэрыхухэм хэлэжьыхьыжын Iуэхур къезыхьэжьахэм псом япэу дыкъызыхураджэр - щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэу дыкъэзыухъуреихьыр, зэрымыщIэншэм къыхэкIыу, къэдгъэсэбэпам щIэрыщIэу хьэпшыпыщIэхэр къахэпIущIыкI зэрыхъунум, апхуэдэхэм уасэ нэхъ зэгъ зэраIэнум, Iэгъуэблагъэм етх лейр зэрыдгъэмэщIэным цIыхухэм я акъылыр теухуэнырщ.

Ди планетэм и щхьэфэм и иджырей щытыкIэм и гугъу тщIымэ, икъукIэ дыкъэзыгъэгузавэщ кIэрыхубжьэрыхуу щызэтрихьэр, дыщIигъэнэн хуэдизу, кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхъур. Зи гугъу тщIым, щIыгум щыIуащхьэбэрэ псыхэм щызепсыпсэу, иужьрей илъэсхэм нэхъри дызыхуишэ тхьэмыщкIагъэхэм ящыщщ щIэныгъэлIхэм щIэх-щIэхыурэ зи цIэ къраIуэ «бахъалъэ эффекткIэ» («парниковый эффект») зэджэри.

КIэкъинэхэм хэлэжьыхьыжыным и мыхьэнэр зэрыиным шэч къыщIытепхьэжын щыIэкъым, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэ къызэрымыкIуэу КъэщIыгъэм къыдитар зэи мыкIуэщIыжын щIэину зэрыщымытыр, абы къыхэкIыуи зэрызэгъэзэхуапхъэр къэтлъытэмэ.

ЩIы Хъурейм къэдгъэсэбэп хъуну и хъугъуэфIыгъуэхэр щысхьыншэу зэрыщыдгъэкIуэщIым и «фIыгъэкIэ», щIыуэпсым дызэригъэгуфIэфыну бгъэдэлъа и гъэтIылъыгъэхэм я Iыхьэ щанэм, щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, гъазэ имыIэу дыпыкIащ.

А гупсысэхэрщ дахуэзышэр щIым къыщIэтх, псым къыдит хъугъуэфIыгъуэхэр, егъэлеиныгъэ хэмылъу, зэдгъэзэхуэн зэрыхуейми, кIэкъинэхэм, бгъэдыхьэкIэ тэмэм къахуэдгъуэту, хьэпшыпыщIэхэр къахэтщIыкI зэрыхъунуми.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



● УФСБ-м къет

# ИлъэсипщIым нэблагъэ щигъэкIуэнущ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм наркотикхэкIхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр иригъэкIуэкIыу яубыдащ ди щIыналъэм а щхъухьхэр щигъэкIыным пыщIа, Бахъсэн районым щыпсэу, илъэс 42-рэ зи ныбжь Тауканов А. А. цIыхухъур. Абы къытрахащ «героин», «мефедрон» грамм 940-рэ.**

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Тауканов А. А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, УФ-м и УК-м и 228.1 статьям и 4-нэ Iыхьэмрэ и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэмрэ я «г» пунктым, УФ-м и УК-м и 228.1-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Абы илъэси 9-рэ мази 10-рэ тралъхьащи, тезырхэр ткIийуэ щапшын тутнакъэщым щигъэкIуэнущ.

# Хъыбар гуауэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм гущIыхьэ тщыхъуащ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым илъэс куэд щIауэ хэлэжьыхь **Нагуар Зиуар и къуэш** нэхъыщIэ **Нагуар Нарт Наураз и къуэр** зэрыщымыIэжымкIэ хъыбар къызэрытIэрыхьар. Дунейм ехыжам къыщIэна и бынунагъуэм, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ гуауэр Iэтыгъуафiэ Тхьэм фщищI.

*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*
**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.**

● Дызэкъуэту

# ПсапащӀэ жыджэрхэр



**Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщӀ Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ иригъэкӀуэкӀа зэӀущӀэм къригъэблэгъащ псапащӀэ Ӏуэхугъуэхэм жыджэру хэт Бжэныкӏэ Замиррэ Сэбаншы Казимиррэ икӀи абыхэм фӀыщӀэ тхылъхэр яритащ дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэм, Урысеидзэм къулыкъу щезыхьэкӀхэм зэрадэӀэпыкъухэм папщӀэ.**

ФИГУ къэдгъэкӀыжынщи, дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэну ерыскъыхэкӀхэр, тепӀэнщӀэлъынхэр, щыгъынхэр, зэрызагъэкъабзэхэр, хущхъуэхэр, квадрокоптерхэр, дронхэр, нэгъуэщӀхэри Бжэныкӏэмрэ Сэбаншымрэ къабгъэдэкӀа мылъкукӀэ къащэхури, хэкум и хъумакӀуэхэм хурагъэшащ.

Абыхэм зэхуахьэса хьэпшыпхэмрэ дзэ Ӏэмэпсымэхэмрэ щыщ щхьэхуэу иратыжащ Бахъсэн щӀыналъэм щыщ НатӀэ Ислъам.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Дзыхьмыщӏхэ я жэрдэм

**Дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэм къэралым яхуищӀ гулъытэм къыщынэмыщӀауэ, а щӀалэхэр дэӀыгъыным хуэунэтӀауэ жылагъуэми лэжьыгъэшхуэ ирагъэкӀуэкӀ. «Уэкъуэтмэ, улъэщщ» къыхуеджэныгъэм и мыхьэнэр нэсу ди цӀыхухэм къазэрыгурыӀуэр наӀуэ къищӀащ ди зауэлӀхэм щӀыбагъ быдэ зэрахуэхъум, ахэр зыхуей дэӀэпыкъуныгъэхэр жыджэру къыхуззрагъэпщӀкӀэрэ. Ди къэралым и дэтхэнэ щӀыпӀэми икӀыу абыхэм щӀэхщӀэхыурэ яӀэрохьэ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ.**

АПХУЭДЭ Ӏуэху щхьэпэ иджыблагъэ зэфӀагъэкӀащ Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей жылэм щыпсэу ДзыхьмыщӀхэ я лъэпкъым. Абыхэм я мылъкукӀэ гуманитар дэӀэпыкъуныгъэр кърагъэпэщри, «ГАЗель» хьэлъэзешэ машинитӀкӀэ дзэ Ӏуэху хэхам щыӀэ щӀалэхэм хуашащ. Апхуэдэ жэрдэмыр, шэчыншэу, лъэпкъым и пщӀэр зыӀэтщ, ахэр зыщыщ жылэми и цӀэр фӀыкӀэ зыгъэӀунщ.

Хьэтуей жылэм щыщ щӀалэ 40 дзэ Ӏуэху хэхам щыӀэщ, лыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу къэралым, хэкум и пщӀэр, и хуитыныгъэр яхъумэу. Абыхэм дзэ къулыкъур щрахьэкӀ Запорожье, Донецк щӀыналъэхэм. ДзыхьмыщӀхэ я лӀыкӀуэхэм а щӀалэхэм ящыщ гуэрхэм зыпащӀэри, нэхъ зыхуей-зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр зрагъэщӀащ. Къагъэлъэгъуахэм ящыщу нэхъ мылъкушхуэ зытекӀуэдэнур



квадрациклырати, ар и пщэ дилъхьэжащ хьэрычэтыщӀэ ДзыхьмыщӀ Заур икӀи апхуэдэ транспорти 2 къахуищэхуащ. Лъэпкъым щыщ зы унагъуи къэнакъым Ӏуэху щхьэпэм къыпэмыджэжу, щхьэж хуззфӀэкӀ хилъхьащ. Апхуэдэу зауэлӀхэм хуашащ щыгъын, вакъэ хуабэхэр, ерыскъыхэкӀхэр, зэрызагъэкъабзэ хьэпшып зэмылӀэужьыгъуэхэр, газ балоннхэр, генератор, техникэ Ӏэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр, унагъуэхэм щаупщэфӀа адыгэ шхыныгъуэ зэхуэмыдэхэр, нэгъуэщӀхэри.

«Дзэ Ӏуэху хэхам хэт щӀалэхэм къалэнышхуэ ягъэзащӀэ. Мамыр гъащӀэм хэпсэукӀхэм ахэр дэтӀыгъынырщ иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэр. Зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкӀэ ахэр къызэдгъэпэщыфынри Ӏэмал хъарзынэщ, апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ди гулъытэ зыхээзыщӀэ щӀалэхэм я гушхуэныгъэри хэхъуэнущ. Дэ жылэм къыщетхьэжьа Ӏуэхур щапхъэ яхуэхъуу, къуажэм дэс адрей лъэпкъхэми абы къыпащэну догугъэ. Дызэгъусэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьми дыпэлъэщынущ, текӀуэныгъэми нэхъ псынщӀэу дыхуэкӀуэнущ», - жаӀащ ДзыхьмыщӀхэ.

ДэӀэпыкъуныгъэр здаша Запорожье, Донецк щӀыналъэхэм щыӀэ дзэ частхэм я унафэщӀхэм, къулыкъур щезыхьэкӀ щӀалэхэм ДзыхьмыщӀхэ я лъэпкъым фӀыщӀэ къыхуащӀащ я гулъытэ зэрылъагъэсамкӀэ, къыхагъэщащ а Ӏуэху щхьэпэр ТекӀуэныгъэм гъунэгъу хуззыщӀ хэлъхьэныгъэу къызэралъытэр, апхуэдэ дэӀэпыкъуныгъэр абыхэм я дежкӀэ уасэншэу зэрыщытыр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩӀ Изэ.**

# Ди щӀалэ хахуэхэм зыщӀагъакъуэ



**Аруан районым и щӀыпӀэ администрацэм и Ӏэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащӀэ ЛӀыжьыкъуэ Хьэзрит и пщэрылъкӀэ, Къэхъун къуажэм деж щэкӀуэгъуэм и 14-м щрагъэжьащ Украинэм щекӀуэкӀ дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэм папщӀэ ягъэхьэзыра дэӀэпыкъуныгъэхэр.**

ЗАУЭЛӀХЭМ хурагъэшащ щыгъынхэр, щӀагъщӀэлъ хуабэхэр, лъэпэдхэр, куэдрэ щылъыну ерыскъыхэкӀхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, ӀэфӀыкӀэхэмрэ псырэ.

Федеральнэ казначействэм и управленэу КъБР-м щыӀэм и лэжьакӀуэхэм а дэӀэпыкъуныгъэм щӀагъуащ газкӀэ лажьэ хьэку цӀыкӀу 15, пэш зэрагъэплъ хьэку, зэрызалъэщӀыну напэӀэлъэщӀхэр, нэгъуэщӀхэри.

ХьэрычэтыщӀэ Сибэч Анзор фӀэӀугъэ зэмылӀэужьыгъуэу банкӀ 700 яритащ.

ДэӀэпыкъуныгъэр ирагъэшэн ипэ къихуэу, ЛӀыжьыкъуэ Хьэзритрэ абы и къуэдзэ КъарэцӀыкӀу Мухьэмэдрэ яӀущӀащ волонтёрхэмрэ СВО-м хэтхэм я Ӏыхьлыхэмрэ. КъызэрыхагъэщамкӀэ, районым и зы къуажэ къэмынэу Ӏуэхум къыхыхьащ. ЛӀыжьыкъуэм фӀыщӀэ яхуищӀащ ар къызэгъэпэщыным гудзакъэ яӀэу хэта псоми.

Къыхэгъэщыпхъэщ Аруан районым и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм дзэм къулыкъу щызыщӀэхэм щӀэх-щӀэхыурэ зэрызыщӀагъакъуэр. Абыхэм я щапхъэщ КъБР-м и Ӏэтащхьэм жыджэру апхуэдэ дэӀэпыкъуныгъэхэр къызэрызэригъэпэщымрэ Курск, Белгород щӀыналъэхэм зэрызыщӀигъакъуэмрэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм пщэдей я махуэщ

# Зи ӀэщӀагъэм хуэӀэижь

**Урысей МВД-м Налшык къалэм щиӀэ управленэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм ящыщ, полицэм и майор Мазло Мурат 1980 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыщалъхуащ Прохладнэ къалэм. Школыр къиухри Армавир бзэхэр щадж и университетым юриспруденцэмкӀэ и факультетым щӀэтӀысхьащ.**



2005 ГЪЭМ Мурат Урысей Федерацэм ӀэщэкӀэ ЗэщӀэузэда и Къарухэм ираджэри, къулыкъур щрихьэкӀащ КъуэкӀыпӀэ жыжьэм. 2007 гъэм къэкӀуэжри, зимыӀэжьэу, лэжьэн щӀидзащ Прохладнэ къалэм щыӀэ ОВД-м милицэм и участковэ уполномоченнэу.

2014 гъэм Мурат уващ Урысей МВД-м Налшык къалэм щиӀэ управленэм Полицэм и участковэ уполномоченнэхэмкӀэ къудамэм. Абы зэрыщылажьэ зэманым Ӏуэхум ӀэкӀуэлъакӀуэу зикъыщигъэлъэгъуащ.

Полицэм и участковэ Мазло Мурат махуэ къэс къызэхекӀухь и нэӀэм щӀэт щӀыпӀэр, абы щыпсэухэм яхуозэ, йопсалъэ.

Зыпэрыт лэжьыгъэм щызыӀэригъэхьа ехъулӀэныгъэхэм къыпэкӀуэу Мурат мызэ-мытӀэу къыхуагъэфэщащ я ӀуэхущӀапӀэм щат дамыгъэхэр.

Участковэ Мазло Мурат игу къегъэкӀыж и нэӀэм щӀэт щӀыпӀэм куэбжэ зэрыщадыгъуам теухуа хъыбарыр. Полицейхэм шэч хуащӀат къэрал номерхэр зытемылъ «Газель» автомашинэм дэсым, ауэ псынщӀэу къахуэубыдатэкъым. Мазлом гу лъитат машинэм ӀуплъапӀэ абджым хьэрфышхуэкӀэ тетхам. Тхьэмахуэ дэкӀауэ, Мурат а машинэр къиӀыхужри, ар зейр яубыдащ.

Иджыри нэгъуэщӀ зы Ӏуэхугъуэ. 2024 гъэм и мэлыжьыхьым абы хъыбар къыӀэрыхьащ илъэс 17-м ит ныбжьыщӀэр КэнжэкӀэ щыӀэ мэзым зэрыкӀуам, ауэ здэщыӀэ дыдэр зэрамыщӀэм теухуауэ.

Мурат зэгъэтӀылъэкӀ имыӀэу ар къыщыхъуа щӀыпӀэм кӀуащ, Урысей МЧС-м и управленэу КъБР-м щыӀэм и лэжьакӀуэр щӀыгъуу. Сиренэр щӀигъэнауэрэ макъыр ину къэзэтымкӀэ ныбжьыщӀэм еджэурэ щӀыпӀэр къызэхижыхьащ, зэман гуэр дэкӀри къалъыхъуэр къыкъуэкӀыжащ. Абы жиӀащ пщэдджыжьым мэзым зыщиплъыхьыну мурад зэрищӀар, ауэ жыжьэӀуэ хыхьэу зэрыгъуэщар.

Мы лэжьыгъэр къыщӀыхихам ущыщӀэупщӀэкӀэ, милицэм щылэжьа и анэдэлъхур щапхъэ хуэхъуауэ жеӀэ.

- Си сабиигъуэм сыщӀэхъуэпсырт абы хуэдэ сыхъуну, къэрал кӀуэцӀ ӀуэхухэмкӀэ органхэм сыщылэжьэну, дамэтелъхэр зесхьэну, хьэлэлу, щыпкъэу, захуагъэм и телъхьэ лэжьакӀуэ нэс къысхэкӀыну, - къыхегъэщ Мурат.

Гуапэщ зи щӀалэгъуэ полицейхэу нобэ къулыкъум пэрытхэм, гугъуехьхэм емылъытауэ, я къалэныр щытхъу пылъу зэрагъэзащӀэр.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Мы махуэхэм

**ЩэкӀуэгъуэм и 16,** *щэбэт*

♦**Зэхудэчыхыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Проект зыщӀым и урысейпсо махуэщ**

♦**1943 гъэм** Яхэгуауэ Михаил Совет Союзым и ЛӀыхъужь цӀэр къыфӀащащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щӀэныгъэхэмкӀэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыкъынэ Хьэсэнбий**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щӀэныгъэхэмкӀэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъарэ Хьэсэнбий**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ операуэрэджыӀакӀуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щӀыхь зиӀэ я артист **Батыр Мухьэдин**.

**Дунейм и щытыкӀэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӀэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градус 1 щыхъунущ.

**ЩэкӀуэгъуэм и 17,** *тхьэмахуэ*

♦**Студентхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапӀэ уполномоченнэ участковэхэм я махуэр**

♦**1920 гъэм** Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦**1970 гъэм** «Луна-17» автоматическэ станцым Мазэм тригъэуващ езыр-езыру зекӀуэ «Луноход-1» аппаратыр.

**Дунейм и щытыкӀэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӀэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щӀыӀэр градуси 2 щыхъунущ.

**ЩэкӀуэгъуэм и 18,** *блыщхьэ*

♦**1917 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакӀуэ, политик цӀэрыӀуэ, 1956 - 1985 гъэхэм КъБР-м и УнафэщӀу щыта **Мэлбахъуэ Тимборэ**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щӀэныгъэхэмкӀэ кандидат, КъБР-м щӀэныгъэхэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Тыгъуэн Рашад**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакӀуэ, АР-м щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Багъ Нурбий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ композитор, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Натхъуэ Жанхъуэт**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цӀыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щӀыхь зиӀэ и артист, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Нэхей Аслъэн**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ УФ-м и ХъумапӀэ банкым и ӀуэхущӀапӀэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыӀэм и унафэщӀу щыта, УФ-м щӀыхь зиӀэ и экономист **Урысбий Хьэмидбий**.

**Дунейм и щытыкӀэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӀэ, республикэм уэфӀу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щӀыӀэр градус 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩӀ Изэщ.**

Лъэпкъ Ӏущыгъэ:

**ПцӀыр Ӏуданэ хужькӀэ дытащ.**

# 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 18**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Къуажэдэсхэр». Псынабэ къуажэ. Ещанэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Хэт ухъуну?». Къугъуэлъкъуэ Аслъэн (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Албар». IэпщIэлъапщIэ Байсиев Алим (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «КъэкIуэнур - нобэм». Альпинисткэ Пекъу Алинэ (12+)
**8.50** Сутеев С. «МыIэрысэ». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «СабийгъэгуфIэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.25** «Тхылъеджэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.55** «Си гукъэкIыжхэр». Психолог, егъэджакIуэ Къущхьэбий Т. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Хабзэр яхъумэу» (16+)
**19.00** «Парламентым и сыхьэт» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.05** «Шу закъуэ». КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.05** «Лъэхъэнэм и цIыху». Мэлбахъуэ Тиморэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 19**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тхылъеджэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Си гукъэкIыжхэр». Психолог, егъэджакIуэ Къущхьэбий Т. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Парламентым и сыхьэт» (12+)
**8.40** «Дюймовочка». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр» (6+)
**17.35** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Iуащхьэмахуэ лъапэ (12+)
**17.45** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «Усыгъэ». Емкъуж Мухьэмэд и усэхэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Гурэ гурэ зэрощIэ». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.15** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.40** «Лъэпкъым и къуэ пэж». Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и академик Энеев Тимур (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Жырыкъ Юрэ и ракетэ гъэлъэтапIэхэр». Академик Макеев В. и цIэр зезыхьэ ракетнэ центрым и лэжьакIуэ, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр зрата Жырыкъ Юрэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 20**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**6.25** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.45** «Усыгъэ». Емкъуж Мухьэмэд и усэхэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Лъэпкъым и къуэ пэж». Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и академик Энеев Тимур (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.30** «ГукъэкIыжхэр». УсакIуэ, узэщIакIуэ Шахмурзаев Саид и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.50** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Жырыкъ Юрэ и ракетэ гъэлъэтапIэхэр». Академик Макеев В. и цIэр зезыхьэ ракетнэ центрым и лэжьакIуэ, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр зрата Жырыкъ Юрэ (12+)
**8.50** Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэ-щыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.25** «Гъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.55** «Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Махуэшхуэ». «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэр илъэсищэ ирокъу (12+)
**19.00** «Интернет гъэпцIагъэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Бгыхэмрэ бгырысхэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.50** Макарычев М. и «Не рви мне душу, Дон» тхылъыр утыку кърахьэ (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 21**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** Макарычев М. и «Не рви мне душу, Дон» тхылъыр утыку кърахьэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «КъэфакIуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.55** «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Литературэм теухуа псалъэмакъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**19.55** «Пшынэуэ». КъБР-м щэнхазэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мэмэт Мухьэмэд (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.25** Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 165-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Халкъны деу ёкюлю» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.55** «Питер тхыгъэхэр» (12+)
**21.20** «Мэкъумэш щыбагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 22**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.20** «КъэфакIуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 165-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Халкъны деу ёкюлю» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Гум имыхуж». КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Иуан Владимир (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Мэкъумэш щыбагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». Дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужь Хьэтыхъу Анзор (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.45** «Утыку» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.30** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**19.00** «Псэм къыбгъэдэкI псалъэмакъ Ярошенкэ Александр и гъусэу». Дизайнер-модельер Саралъп Мадинэ (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ Санкт-Петербург дэт Академическэ филармонием и оркестрым и концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**20.40** Альпинисткэ Пекъу Алинэ ягъэлъапIэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 23**

**6.00** «Утыку» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**6.50** Альпинисткэ Пекъу Алинэ ягъэлъапIэ (12+)
**7.50** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». Дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужь Хьэтыхъу Анзор (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.20** «ЩIэныгъэр гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Кухняшки». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.00** «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
**17.20** «Нэху». УсакIуэ КIуащ БетIал (адыгэбзэкIэ)
**17.55** «ЩIанэ жанхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.05** «Эрирей» ансамблыр илъэс 50 ирокъу. Япэ Iыхьэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.05** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**20.20** «Си гъуэгур зэпыунукъым». Уэрэзей Афлик
**21.00** «IэщIагъэм зыхуагъасэу» (12+)
**21.15** Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ Санкт-Петербург дэт Академическэ филармонием и оркестрым и концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 24**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «ЩIанэ жанхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.15** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.30** «Ди хабзэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.10** «Си гъуэгур зэпыунукъым». Уэрэзей Афлик (12+)
**8.50** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**17.00** «Анэм и гур». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.40** «Псалъэр ейщ щэнхабзэм!» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.30** Адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ, узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ илъэс 230-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «УзэщIакIуэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Эрирей» ансамблыр илъэс 50 ирокъу. ЕтIуанэ Iыхьэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.00** «Ракурс». Фэеплъым и аллее. Санкт-Петербург къалэ (12+)
**20.15** «ХьэщIэщ». Алътуд къуажэ (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 18**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «ЦIыху цIэрыIуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Зэманым дэбакъуэу». Республикэ газетхэр илъэсищэ ирокъу (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Литературэм щылажьэ» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Уэрэдыр уэгум изутIыпщхьэу» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 19**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «ЦIыху щыпкъэ». Шаваев Хьэсэн (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и Iущыгъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Нарт эпосым щыщщ. «Бэдынокъуэ Хасэм зэрыкIуар» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Си гъащIэм и бжьыхьэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХъыбарIуатэм и пхъуантэ цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Зы уэрэдым и хъыбар» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «И гупсысэхэри, и IуэхущIафэхэри» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 20**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Псэкупсэ джэлэс». Сокъур Валерэ (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Тхыдэм и напэкIуэцIхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Балъкъэр щIыналъэм и фIэщыгъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущагъыр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Микрофоныр - сабийхэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр. Сабий дохутырым и махуэ (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЦIыхубзым и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэхэмрэ» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 21**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «ЗэкъуэшыныгъэкIэ зэпыщIа усакIуэхэр». Мечиев Кязимрэ Хетагуров Костарэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Сыхэт сэ? Уи гум срихъуахуэщ». КIуащ БетIал (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди фонотекэм щIэуэ къыхэхъуахэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Ди псэлъэгъухэр». Уэлджыр Мушэхьид (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХХ лIэщIыгъуэм и антологиер». Уэрэзей Афлик (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «КъэкIуэнур зыубзыхухэр» радиопроектыр (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 22**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «IэщIагъэ». Узденовэ Светланэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «Ар тщыгъупщэркъым». Иуан Владимир (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Жэнэтыр анэхэм я лъэгум щIэлъщ». Анэхэм я махуэм ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** Литературэ тхыгъэхэм дыкъоджэ. «Анэм худиIэ лъагъуныгъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 23**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 24**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** «Анэхэм ягухэм я нэхур» (балъкъэрыбзэкIэ)

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 18**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «IэщIагъэлI». Хьэвжокъуэ Л. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Мэлбахъуэ Тиморэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 19**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Вагъуэ бын». Жанатаев И. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «ЛIакъуэ». Аргудан къуажэ. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 20**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «IэщIагъэлIхэр» (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** Сабийхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху (12+)
**17.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». КъБР-м газет къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэси 100 ирокъу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 21**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Вагъуэ бын» (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Студие иным щекIуэкIа интервью» (12+)
**18.00** «ЦIыхухэмрэ къэхъукъащIэмрэ». Османов Хьиса и тхылъыр (12+
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 22**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «IэщIагъэлIхэр». КъБКъУ-м и щIэныгъэлI-химикхэр (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Макъамэм и лъахэ». «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и ветеранхэр. ЕплIанэ Iыхьэ (12+)
**18.00** «Пэшым екIу сурэт». Музыкант Увыж Анзор (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 23**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 24**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм кърикъуэбыдэ хъыбархэр» (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 18**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кърикъуэбыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 19**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 20**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 21**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 22**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 23**

Лажьэркъым

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 24**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кърикъуэбыдэ хъыбархэр» (12+)

# КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 18**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - **24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 19**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.25** - **24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 20**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.25** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 21**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 22**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 23**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 24**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхакIуэшхуэ

## *Къашыргъэ ХьэпащIэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу*

**Зи Iэдакъэщ1экI купщIафIэхэмкIэ адыгэ лъэпкъ литературэм лъэ быдэкIэ хэувахэм, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщ зыщ тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр зи къалэмыпэм къыпыкIа, лъэпкъыр зэрыпагэ, зэрыгушхуэ хъунухэм ящыщ тхакIуэ гъуэзэджэ Къашыргъэ ХьэпащIэ. Ар къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 110-рэ ирикъуащ.**



КЪАШЫРГЪЭ ХьэпащIэ Шэджэм районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1914 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м къыщалъхуащ. Джэрмэншык жылагъуэщIэр щагъэтIысам и унагъуэр Iэпхъуэри, абы щыпсэуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы къиухащ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсри, къыкIэлъыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутри. Лэжьэн щыщIидзащ Джэрмэншык, школым и унафэщIым и къуэдзэу, иужькIэ и унафэщIу щытащ, колхозым и IэнатIэ зыбжанэми пэрытащ.

Зи узыншагъэр мытэмэм щIалэр, зи лъакъуэ лъэныкъуэр къызыдэмыбзыр, зауэм Iухьэ хъуакъым, ауэ и Iэ зэтридзэуи тIысыжакъым. Бийр зэтекъутэным хуэщхьэпэн папщIэ джэрмэншыкдэсхэм, адрей жылэхэми ещхьу, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ зэхуахьэсащ сом зы мелуанрэ мин щищым щIигъу. ХьэпащIэ и пщIэнтIэпскIэ къилэжьауэ абы хилъхьащ ахъшэшхуэ. Зауэ нэужьыр нэхъ гугъужт, къуажэр къызэфIэгъэувэжыным Къашыргъэм и гуащIи, и щIэныгъи ирихьэлIащ.

Апхуэдэуи Къашыргъэр лэжьащ «Къэбэрдей пэж» газетым и корреспонденту, къуажэ советым и унафэщIу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактору, жылагъуэ лэжьыгъэ куэдми пэрытащ.

ХьэпащIэ, тхакIуэхэм я нэхъыбэми хуэдэу, усэным нэхъ дихьэхыу щытащ. Абы и япэ усыгъэхэр, усий хъууэ, 1939 гъэм къыдэкIауэ щыта «Догъагъэ» сборникым ихуат. Куэд мыщIэу прозэ тхыгъэхэри и къалэмыпэм къыпыкIыу хуежьащ. Езым и гукъэкIыжхэм къызэрыхэщымкIэ, Хэку зауэшхуэм ипэ къиихуэу абы итхат роман, ди щIыпIэм совет властыр зэрыщагъэувам теухуауэ. УсэкIэ къыщIэзыдза Къашыргъэ ХьэпащIэ щIалэу, илъэс 24-м иту, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ.

Къашыргъэм и япэ Iуэтэжыр, «Зы жэщ» зыфIищар, дунейм къыщытехьар 1945 гъэращ, ар къытрадзат «Къэбэрдей» альманахым. АдэкIэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Насыпым и хэкIыпIэ», «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь», «ГъащIэр матэщIэдзакъым» романхэр, «ГъащIэ лъэужь» повестыр, «Жьымрэ щIэмрэ» пьесэр, «Зы жэщ», «Жьыщхьэ махуэхэр», «Баз» Iуэтэжхэр, очерк куэд. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуащ ХьэпащIэ и нэгу щIэкIа, и фэм дэкIа Iуэхугъуэхэр, езыр фIыуэ зыщыгъуазэ цIыхум и IуэхущIафэхэр, абы и псэм щыщIэмрэ ар зыхущIэкъумрэ. А IэдакъэщIэкIхэр езыхэри ди литературэм зи увыпIэ щызыгъуэтыжа художественнэ тхыгъэ купщIафIэхэщ.

ЩIэджыкIакIуэм игу къимынэжын, псэгъэгуфIэ дахагъэ зыхэмылъ, гурылъгупсысэкIэ мыгъэнщIа тхыгъэ Къашыргъэм утыку кърихьакъым. ТхакIуэм и гулъытэр зыхуэгъэзар къигъэлъагъуэ зэманым и цIыхухэм я образ къэгъэщIынырт, лъэпкъ тхыдэм къыхэнэ Iуэхугъуэхэрт.

Къашыргъэм и гуащIэм куэд щIауэ щыгъуазэщ нэгъуэщI лъэпкъхэри. Абы и романхэр мызэ-мытIэу урысыбзэкIи дунейм къытехьащ. Псалъэ папщIэ, «Лъапсэ быдэ» романыр зэдзэкIакIуэ Iэзэ Уэрэзей Афлик урысыбзэм кърИгъэзэгъауэ щытащ.

ЦIыхугъэрэ лIыгъэкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ дахэ къикIуащ Къашыргъэ ХьэпащIэ. Ар тхакIуэ къудейуэ къэнэжыртэкъым, егъэджакIуэ-ущиякIуэ нэст, журналист Iэзэт, цIыху щыпкъэ-цIыху къабзэт. Ар адыгэ лъэпкъыр игъащIэкIэ зэрыгушхуэ, зэрыпагэ хъун тхакIуэшхуэщ.

Абы и гъащIэм, и гуащIэм, и дуней тетыкIэу щытам, и тхыгъэхэмрэ абыхэм ящIэлъ гупсысэ шэщIамрэ, нэгъуэщI куэдми и гугъу ящIауэ къэна псалъэхэм ящыщ зыбжанэ тхыгъэм ди гуапэу щIыдогъу:

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр**, *публицист, критик:* - Къашыргъэ ХьэпащIэ хуэдэу ди анэдэлъхубзэм хуэIэкIуэлъакIуэ къэгъуэтыгъуейщ. ТхакIуэм и псалъэр шэрыуэщ, пшынэбзэм ещхьу шэщIащ, цIыхум и гурыщIэр, и гухэлъыр, и гупсысэр телъыджэу къиIуатэу гукъинэжщ.

... «Лъапсэ быдэ» романыр Къашыргъэм и творчествэ псом и фIыпIэщ, и лъагапIэщ. Апхуэдэу ар Хэку зауэшхуэм теухуауэ къэбэрдей тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ нэхъыфIхэми ящыщ зыщ. Шэч хэмылъу, ар ди литературэм, ди прозэм лъэ быдэкIэ хэуващ. Аращ романым пщIэшхуэ щIыхуэщIыпхъэр.

**КЪАРДЭН Бубэ**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, тхакIуэ:* - Ди тхакIуэхэм яхэтщ зи тхыгъэхэм адыгэ псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр Iэзэу къыщызыгъэсэбэпхэр. Абыхэм, псом япэу, ящыщщ КIыщокъуэ Алим, апхуэдэ псалъэ шэрыуэхэмкIэ куэду гъэнщIащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и прозэри. Ар дыдэр жыIэн хуейщ Къашыргъэ ХьэпащIэ щхьэкIи. «Лъапсэ быдэ» романым апхуэдэ псэлъафэу щиплIым щIигъу ущрохьэлIэ. Ахэр псори IэкIуэлъакIуэу, къезэгъыу къигъэсэбэпащ тхакIуэм.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**, *КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ:* - Хуабжьу гъэщIэгъуэнщ Къашыргъэм и «ГъащIэр матэщIэдзакъым» тхыгъэм укъеджэну. Илъэсищэрэ щэ ныкъуэм нэблагъэ зэман къызэщIэзыубыдэ а лэжьыгъэм IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ тхакIуэм и гъащIэ гъуэгум къыщыщIидзари, а гъуэгум гуфIэгъуэрэ гузэвэгъуэу абы и нэгу щыщIэкIари... ХьэпащIэ и IэдакъэщIэкIхэм тхылъеджэхэри критикхэри гуапэу щыIумыщIа къэхъуакъым. Ар щыхьэт тохъуэ зытетхыхьа зэманымрэ къыдэгъуэгурыкIуа цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ Iэзэу къигъэлъэгъуэжыну зэрыхузэфIэкIам. Аращ ахэр лъэпкъ литературэм мыкIуэдыжыну къыщIыхэнар.

**ХЬЭХ Сэфарбий**, *тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:* - Къашыргъэр цIыху къызэрыгуэкIыу, зэпIэзэрыту, зыкIи зыхиIэтыкIыну хэмыту псэуащ. Ар зытетхыхьа зэманым темытхыхьаи, Iуэху къиIэтахэм хуэдэ къэзымыIэтаи тхакIуэ куэд диIэкъым. ИтIани ахэр щIэщыгъуэ къытщищIыжыфащ ХьэпащIэ. Абы и щапхъэу ирикъунщ «Насыпым и хэкIыпIэм» и закъуэ. Сщыгъупщэркъым Мурадин, Жэмал, Мусэ, Батий, Лолэ, Болэт, Темыр, Мышэ, Лусэ сымэ. Лъагъуныгъэ япэу зыщIа Лусэ цIыкIум и гур къилъэтыным хуэдэу къеуэу пIэм здыхэлъым, хьэщыкъ зыхуэхъуам зэрегупсысауэ щытар сщызыгъэгъупща художественнэ тхыгъэ зэи абы и ужькIэ срихьэлIэжакъым, фIылъагъуныгъэм теухуа тхылъу пщIы, щэ бжыгъэхэм седжами.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**, *усакIуэ, критик:* - Ди литературэм и тхыдэр кууэ зэзыгъэщIэну хущIэкъу дэтхэнэ зыри дапщэщи хуеинущ Къашыргъэ ХьэпащIэ и рассказ гъуэзэджэхэм, «Насыпым и хэкIыпIэ» повестым, «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь» романхэм, тхакIуэм и гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэсыжа и тхылъу «ГъащIэр матэщIэдзакъым» зыфIищам. Апхуэдэ тхыгъэхэр имыIатэмэ, ди литературэр нэхъ фагъуэу плъагъунти... Дэ, адыгэхэм, къыдгурыIуэн хуейщ зэрылъэпкъыу дызэрыгушхуэн щIэин щхьэпэхэр абы къызэрытхуигъэнар.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр**, *КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ:* - Къашыргъэ ХьэпащIэ лъыкIи къупщхьэкIи къызыхэкIа лъэпкъым и къуэщ. Ар дунейм тетыхукIэ и щIэныгъэри, и Iэзагъри, и зэфIэкIри щэнхабзэмрэ литературэмрэ заужьыным ирихьэлIащ. Илъэс хыщIым нэблагъэкIэ Къашыргъэр, зэи IэщIыб имыщIу, пэрытащ а IэнатIэ мытыншым. Ар фIыуэ щыгъуазэт адыгэбзэм и къулеягъ псоми, кIуэдыжу хуежьа псалъэ Iэджэхэу ди зэманым къамыгъэсэбэпыжхэр иджыри ди бзэм куэдрэ зэрыхуэлэжьэнур къыгурыIуэу, езым и тхыгъэхэм ахэр зыубгъуауэ къыщигъэсэбэпырт.

Шэч хэмылъу, къыжыIэпхъэщ къэбэрдей адыгэ прозэм ХьэпащIэ увыпIэ лъагэ зэрыщиIыгъыр икIи абы и художественнэ гупсысэмрэ лъэпкъым и гъащIэмрэ къыгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар.

Къашыргъэ ХьэпащIэ хуэдэщ лъэпкъыр зыгъэгушхуэри лъэпкъыр зэрыгушхуэри.

**ЕРЖЫБ Аслъэн**, *педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат:* - Къашыргъэр гу къабзэ, псэ дахэ зиIэ, гъащIэм кууэ пхрыплъыф цIыхут. Абы и прозэм куэдкIэ къигъэбжьыфIащ ди литературэр. ХьэпащIэ и тхыгъэ купщIафIэхэр лъэпкъ литературэм и фIыпIэщ, ахэр хыхьащ адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я дыщэ фондым, гъащIэ кIыхь зэраIэнуми шэч хэлъкъым.

**КIЫЩЫКЪУЭ Хьэтау**, *КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат:* - УмылIа хуэдэщ, дунейм уехыжа нэужь, уи ужь къина цIыхухэм уи цIэ фIыкIэ кърaIуэмэ, мыр мыбы щыгъуэ жиIати, натIэкIэ деуащ, жаIэу ягу укъэкIыжмэ. Апхуэдэу щытащ, куэдри щытыну къыщIэкIынщ ди егъэджакIуэу, ди ущиякIуэу къуажэдэс нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми диIа, тхакIуэ щыпкъэ Къашыргъэ ХьэпащIэ.

Дэнэ лъэныкъуэкIи, сыт хуэдэ IэнатIэкIи гъазэ, ХьэпащIэ лъэужьыфI къыщинащ. Абы къытхуигъэна тхыгъэ хьэлэмэтхэм сэ япэсщIын щыIэххэкъыми, хэхащ. Ахэр къасщтэурэ щIызоджыкIыж, сыкъеджэхункIи щIэрыщIэу сыдихьэхыжу.

**ГЪЭУНЭ Борис**, *тхакIуэ:* - Ди гъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр гъэщIэгъуэну зэрипхыурэ, цIыхухэм я дуней тетыкIэ-Iуэху еплъыкIэхэр, я IуэхущIафэхэр, я гурыгъу-гурыщIэхэр бзэ дахэкIэ къытхуеIуатэри, Къашыргъэм нэIурыту ди нэгум къыщIегъэувэ адыгэ къуажэм и псэукIэмрэ абы дэсхэм я дунеймрэ. ГъащIэм къызэрыщыхъу дыдэм хуэдэу, зы Iуэхугъуэм адрейр къыпкърокIуэтэджыкI, иужьым а псор зэхохьэжри, зым хуолажьэ: адыгэ къуажэр зыхуэдэр, къызэрыгуэкI жыхуэтIэж образхэр къэгъэлъэгъуэным.

*Зыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ**.

# Жырым хуэдэу дипсыхьат

**ЩэкIуэгъуэ мазэм илъэс 50 ирикъуащ сурэтым щыфлъагъу гупыр дзэ къулыкъум дыкъызэрикIыжрэ. ДыздэщыIар ГДР-рщ, ФРГ-м и гъунапкъэм километр зыбжанэкIэ фIэкIа пэмыжыжьэу. Псори зы полкым дыхэтащ илъэс ныкъуэкIэ. Танкист IэщIагъэм (топгъауэу, пулеметгъауэу) дыхурагъэджа нэужь, дызэбградзри, тIурытI, щырыщу нэгъуэщI частхэм къулыкъу щытщIэжащ илъэсрэ ныкъуэкIэ. Апхуэдизтэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зы полкым дашар дызэрыхъур - 50-м дынызэрыхьэсырт. Псом хуэмыдэу цIыху куэд тщIыгъут Шэшэн-Ингуш Республикэм щыщу - ахэр дэ тхуэдэу зыплIытхукIэ нэхъыбэт. Уи щIалэгъуэ-делэгъуэм аракъэ - адыгэмрэ абыхэмрэ тепщэгъуэр тхузэрымыгъэгъуэту мащIэрэ дызэпщэфыIа!**



ШЭЧ хэмылъу, гукъинэжт армэм дызэрыщыIа илъэситIыр. Дзэ къулыкъум дэ балигъ дищIащ, гугъуехьыр зищIысыр дгъэунэхуащ, жырым хуэдэу дипсыхьащ. Псом ящхьэращи, хэкум дыхуэпэжу ди пщэ дэлъ къалэныр дгъэзэщIащ. Армэм дыщаша япэ зэманым дызэгурыIуат ди щIыналъэм къэдгъэзэжа нэужь гъэ къэсыху бжьыхьэкIэ мазэм и япэ щэбэтым дызэхуэзэну. Абы дытетщ нобэ псэухэм и нэхъыбэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дызигъусахэм ящыщу куэд дунейм ехыжащ. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу ди зэхуэсхэм псори кърихьэлIэфыркъым. Ауэ и нэхъыбэм псалъэ ттар догъэпэж.

Илъэсым зэ дызэхуэсым и закъуэкъым - зи Iуэху нэхъ хуэхъухэр, нэхъ гупцIанэхэр нэхъыбэрэ зэIуощIэ, къимыдэкIэ гуфIэгъуэ Iуэхухэм е гузэвэгъуэ къытлъыкъуэкIмэ, Iэмал зэриIэкIэ дызэкIэлъокIуэ, телефонкIэ дызэрощIэ. Мыгъэрей зэIущIэм щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIыу къыдихьэлIакъым Хъупсырджэн Руслан, Гугъуэт Юрэ, Борчаев Мущтэфар, Шыкъ Хьэжысмел сымэ. Ди зэхуэсым тщIыгъуащ сурэт зыщытредгъэхым къыткIэрыхуа ШынтIыкъу Анатолэ.

**САУТ СулътIан**.

*Сурэтым: япэ сатырым -* **Шырыт Аслъэн, Щоджэн Мухьэмэд, Къанкъул Къанщобий, Мыз Ахьмэд, Лий БетIал**; *щIыбагъым къыдэтхэр -* **Хьэвжокъуэ Хьэталий, Тхьэзэплъ Iэниуар, Бапинаев Зариф, Къэзанш Адэлбий, Сэншокъуэ ХьэтIиф**.

# ЦIыхубэ егъэджакIуэ

● ДифI догъэлъапIэ

**АнэдэлъхубзэрщIэблэм егъэщIэным зи гъащIэри гуащIэри тыхь хуэзыщIа IэщIагъэлIхэм яхуэмыфащэ дахэрэ фIыщIэрэ щыIэкъым. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а лъэпкъ Iуэхум уелэжьыныр, лъэпкъыбзэр ебгъэджыныр, ипэжыпIэкIэ, щIыхь зыпылъ IэщIагъэщ. Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ а IэнатIэм илъэс 50-м щIигъукIэ псэ хьэлэлу пэрытащ зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу, КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI (ТыIэщ) Марие Сухьэмэдин и пхъур. Адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр ящыщщ и къару емыблэжу зи хэкумрэ лъэпкъымрэ яхуэлажьэхэм, зи дуней тетыкIэри Iуэху зехьэкIэри куэдым я дежкIэ щапхъэхэм. Апхуэдэ хэкупсэ нэсхэм яубзыху мардэхэмкIэщ щIэблэщIэм щIэныгъэ зэрыратыр, ныбжьыщIэхэр зэрагъэсэр, пэжыгъэм, захуагъэм, цIыхугъэм зэрыщIапIыкIыр.**



ШЭДЖЭМ щIыналъэм хыхьэ Лашынкъей къуажэм 1949 гъэм къыщалъхуащ Марие. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ 1966 гъэм къиуха нэужь, бзылъхугъэ цIыкIур щIэтIысхьащ Налшык дэт педагогикэ училищэм (иджы колледжым). ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм иджыри сабийуэ гу хуищIати, ар къыхэхыным гугъу дехьакъым. Марие зэрыжиIэжымкIэ, абы фIэфIт и егъэджакIуэм зригъэщхьыну и псэлъэкIэкIи, и зыIыгъыкIэкIи. Унэм къэкIуэжамэ, гъунэгъу сабийхэр игъэтIысырти, и егъэджакIуэм кърригъэщIахэр яжриIэжырт, журнал цIыкIуи зэригъэпэщарэ оценкэхэр абы яхуригъэувэу «дерс итырт».

- Ди анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр гурэ псэкIэ зэрызыхэсщIамкIэ фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъщ си адэшхуэ ТIэкъушрэ си анэшхуэ ЖанцIыкIурэ. Дадэ куэдрэ сыщIигъэдэIуащ нарт лIыхъужьхэу Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз сымэ, Сэтэней гуащэ, Мэлэчыпхъу Iущ, нэгъуэщIхэми ятеухуа хъыбархэм, абыхэм сыдригъэхьэхыу, - и сабиигъуэр IэфIу игу къегъэкIыж Марие. - Ди нанэ IэпщIэлъапщIэ дыдэт. Абы цым къыхимыщIыкIыф щыгъын щымыIэми ярейт. Дахащэу ищIыфырт уагъэхэр, хэдыкIынми хуэIэзэт. Абыхэм дыхуигъасэрт анэшхуэм. ГъуэлъыжыгъуэрКъэсамэ, ди анэм и макъ щабэмкIэ къыджиIэ уэрэдхэр пыувэ хуэдэт нэхъыжьхэм къыдат хэкупсэ гъэсэныгъэм. Шэч хэмылъу, абыхэм я деж къыщежьащ адыгэбзэм, лъэпкъ IуэрыIуатэм хузиIэ лъагъуныгъэр.

Иджыри студенту, егъэджакIуэхэм гу къылъатат хъыджэбз жаным икIи гурыхуэм зэфIэкI лъагэ къызэрыкъуэкIынум, абы лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэ къызэрыхэкIынум. КъызэрыгуэкI урокхэми классщIыб лэжьыгъэми бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнхэр къыхуигъуэтыфырти гъэщIэгъуэну иухуэфырт, сабийхэр Iуэхум зэрыдригъэхьэхыным хущIэкъуу.

Къиуха къуажэ школым практикэ ягъэкIуа нэужьи, ДыщэкIым зыкъигъэлъэгъуащ егъэджакIуэфIым и хьэл нэхъыфIхэр зыхэлъ лэжьакIуэ гумызагъэу. Марие сабийхэр апхуэдизу къыдихьэхати, дерсхэр зэфIэкIа нэужьи ахэр я егъэджакIуэщIэм и гъусэу школым къанэрти, абы къызэригъэпэщ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм яфIэфIу хэтт. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэр тхылъ еджэнми дригъэхьэхын папщIэ, Марие и гъэсэнхэр щIыгъуу зэманыфI щигъакIуэрт библиотекэми. КъинэмыщIауэ, егъэджакIуэм школым къыщызэригъэпэщат IэпщIэлъапщIэхэм я гупжьейхэри, абыхэм щIэх-щIэхыурэ кърригъэблагъэрт жылэм дэс бзылъхугъэ нэхъыжьхэр. Абыхэм я гъусэу езыми цIыкIухэм яригъащIэрт, къахузэIуихырт лъэпкъ IэпэIэсагъэм и щэхухэр, Iудэ, хэдыкI зэмылIэужьыгъуэхэр зэращIым кIэлъигъэплъырт.

Еджэныр къыщиухым, егъэджакIуэ ныбжьыщIэм щалъхуа къуажэм игъэзэжащ икIи абы дэт курыт школым лэжьэн щыщIидзащ, абы и унафэщIым и лъэIукIэ. ЩIэныгъэ лъагэм хуэпабгъэ бзылъхугъэ цIыкIум мурад ещI бгъэдэлъ зэфIэкIым адэкIи хигъэхъуэну икIи, зэрылажьэм хуэдэурэ, щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и урысыбзэ-адыгэбзэ къудамэм. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, ДыщэкIыр нэхъри тогушхуэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм икIи зэман кIэщIым къриубыдэу IэнатIэм хуэIэижь мэхъу. ЕгъэджакIуэ гумызагъэм лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпу щIедзэ къэралым цIэрыIуэ щыхъуа еджагъэшхуэхэу Сухомлинский Василий, Амонашвили Шалвэ, Макаренкэ Антон сымэ я педагогикэ гупсысэхэр, апхуэдэу набдзэгубдзаплъэу щIеджыкI «Учительская газета»-м къытехуэ тхыгъэхэр, гупсэхуу щыгъуазэ зыхуещI методикэ журналхэм. А псоми я фIыгъэкIэ хэхъуащ ДыщэкIым бгъэдэлъ IэкIуэлъакIуагъэм, егъэджакIуэ пэрытхэми халъытэ хъуащ щIэх дыдэу.

- ЩIэныгъэ уиIэныр хъарзынэщ, ар нэсу зумыгъэгъуэтауэ сабийхэр егъэджэныр уигу къыщIэкIын щыIэххэкъым, - жеIэ Марие. - Ауэ ар щIэблэм ябгъэдумылъхьэфмэ, дебгъэхьэхыфрэ езыр-езыру а щIэныгъэм лъыхъуэу, къагъуэту, зыIэрагъэхьэфу пхуемыгъасэмэ, уи щIэныгъэри сыткIэ сэбэп?! Ахэр къэслъытэри, сабийхэр нэхъ дэзыхьэхыну методикэ къэслъыхъуэу щIэздзащ икIи хьэкъыу спхыкIащ нэгъуэщIым и щапхъэм утемыкIыу утету узэрымылэжьэфынур. Абы къыхэкIыу субзыхуащ си лэжьэкIэ мардэ. Апхуэдэ Iэмал нэхъыфIщ егъэджакIуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ зэгъусэу щIэныгъэм лъыхъуэн зэрыхуейр, абыкIэ зэхуэдэ жэуаплыныгъи зыхащIэу, я Iуэху еплъыкIэхэр жаIэу, сэбэпынагъ зыпылъу къащыхъухэр хэIущIыIу ящIурэ, лэжьыгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу къалъытэр утыку кърахьэу.

Апхуэдэ лэжьыгъэкIэ сабийхэм я гур къызэIуихащ, я гупсысэхэр къаIуэтэф, я Iуэху еплъыкIэхэр зэрыпхагъэкIыным хущIэкъуф ищIащ. Пэжщ, сабийхэм я гупсысэхэр зэщхькъым, жаIэ псори тэмэму, къезэгъыу щыткъым. АрщхьэкIэ аракъым егъэджакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр, атIэ я Iуэху еплъыкIэр утыку къызэрыралъхьэфырщ, пэжыр зэгъусэу къызэрыхахыфырщ, тегушхуауэ цIыху пащхьэм къызэрыщыпсэлъэфырщ.

ШколакIуэхэр и предметым дригъэхьэхын папщIэ, Марие лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпырт дерс ухуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Къапщтэмэ, 5 - 8-нэ классхэм бжьыпэр нэхъ щиIыгъщ дерс-джэгухэм. Мыбдеж егъэджакIуэм нэхъыбэу къыщигъэщхьэпэр псалъэрыджэгухэрт, зэпеуэхэрт, инсценировкэхэрт, гурыхуагъэм, акъыл жаныгъэм тещIыхьа джэгукIэхэрт. 9 - 11-нэ классхэм мыхьэнэ нэхъ щритащ урок-семинархэм, урок-лекцэхэм, урок-зачётхэм, IэщIагъэм хуэзышэ джэгукIэхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, урок-суд, урок-аукцион, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ лэжьэкIэм еса ныбжьыщIэхэм къайхьэлъэкIынукъым еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьа нэужь, лекцэхэм едэIуэнри, семинархэм зыхуагъэхьэзырынри, зачётхэр тынри. Зи дэтхэнэ дерсри зэIуха, категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакIуэ-методистым мыхьэнэ ин дыдэ иритырт классщIыб лэжьыгъэми. Абы къелъытэ анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм фIыуэ егъэлъагъунымкIэ ари хэкIыпIэфI дыдэхэм ящыщу.

Лъэпкъ Iуэхум уелэжьыныр, лъэпкъыбзэр ебгъэджыныр щIыхь зыпылъ IэщIагъэу зэрыщытыр фIы дыдэу къызыгурыIуэ ДыщэкIыр зэи хущIегъуэжакъым егъэджакIуэ IэщIагъэр къызэрыхихам, сыт хуэдиз гугъуагъ хэлъми, ар къыщытехьэлъа къэхъуакъым. И закъуэ фIыным, адрейхэм нэхърэ нэхъыбэрэ щытхъу къыхужаIэным зэи хущIэкъуакъым. Сабийхэр псори зэхуэдэу фIыуэ едгъэджэн зэрыхуейм тещIыхьащ илъэс 35-кIэ ар зи унафэщIу щыта, районым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэри. ЕгъэджакIуэхэм я зы упщIи жэуапыншэу къигъанэртэкъым унэтIакIуэ Iэзэм.

Районым куэдрэ къыщызэригъэпэщащ абы практикэ, теорие семинархэр. МардэщIэхэр, пэрытхэр емышыжу къэзыхутэ методист гъуэзэджэм зы егъэджакIуэфIым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм адрейхэр щIигъэджыкIырт. ЕгъэджакIуэ дапщэм сэбэп яхуэхъуа ар лэжьыгъэм и щэхухэр къащIэнымкIэ, сыт хуэдизым фIэщхъуныгъэ яхилъхьа Iуэхум зэрыпэлъэщынумкIэ, текIуэныгъэ къызэрахьыфынумкIэ. Шэджэм щIыналъэм, уеблэмэ республикэми исуКъыщIэкIынукъым абы имыцIыху егъэджакIуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм, и къэпщытакIуэхэм илъэс куэдкIэ яхэтащ, хэт и лэжьыгъэри пщалъэ тэмэмкIэ къилъытэфу, щыуагъэхэм блишыфу, я ехъулIэныгъэхэр къиIэтыфу. ЗыкъымикIи тIукъым ДыщэкI Марие унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуар. Марие и фIыщIэщ нобэ щIыналъэм адыгэбзэр щезыгъэджхэу Къуэныкъуейхэ Иринэрэ Раерэ, Тхьэгъэпсо Ларисэ, Къэмгъуэт Иринэ, Тхьэзэплъыж Марят, Къардэнхэ Олесярэ Мадинэрэ, Вэрокъуэ Мадинэ, нэгъуэщIхэри нэхъ егъэджакIуэфIхэм зэрыхабжэр. Ди республикэм адыгэбзэр щезыгъэджхэм щапхъэ ярагъэлъагъум къыдэкIуэу, ДыщэкIым Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Алибердыкъуэ къуажэм и егъэджакIуэхэм пыщIэныгъэ яхуиIэу лэжьащ. Ари сэбэп хъурт бзэм, литературэм егъэджакIуэхэр нэхъри дихьэхынымкIэ.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр къыщыхалъхьами, Марие яхэтащ абы и утыку ихьахэм. ДыщэкIыр яхэхуащ зэпеуэм щытекIуэу «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэщахэм, къэрал унафэщIым игъэува сом мини 100-ри тыгъэ зыхуащIыжахэм.

Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ къалэн къыщащIами, къулыкъухэр ирихьэкIами (ар лэжьащ еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэуи, еджапIэм и унафэщIуи), ДыщэкIым ахэр дапщэщи ирихьэкIащ дагъуэншэу, ныкъусаныгъэншэу, фIыщIэрэ щытхъурэ пылъу.

Марие жылагъуэ Iуэхухэми хуэжыджэрщ. Ар Лашынкъей щыпсэу цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIщ, бын куэд щапI, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуохъу, Iуэху щхьэпэ куэд зэфIагъэкI. Къуажэм щекIуэкI щэнхабзэ гъащIэм и къызэгъэпэщакIуэ нэхъ жыджэрхэм ящыщщ хэкупсэ нэсыр, зэхыхьэ куэдым я жэрдэмщIакIуэу. ЦIыхубэм я дзыхь кърагъэзри, ДыщэкIыр мызэ-мытIэу хахащ къуажэ советым и депутату.

Усэ тхынми зэрыхуэIэижьыр ящIэ «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм. Нэхъыжьым и ущие, чэнджэщ хьэлэмэтхэр, и псалъэ Iущхэр гунэс ящыхъуу цIыхухэр къоджэ сыт щыгъуи.

ДыщэкIым и псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. 1994 гъэм Марие къыхуагъэфэщащ «КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. «Сердце отдаю детям» дунейпсо дыщэ орденыр, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я юбилейхэм ирихьэлIэу къыдагъэкIа дамыгъэхэр, «За укрепление межнационального мира», «180 лет первого покорения Эльбруса», «За содействие МВД» медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр кърататщ. Апхуэдэ къэрал гулъытэ лъагэмрэ жылагъуэ щIыхьымрэ Марие къихьащ и IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэ къабзэмкIэ, пщэрылъ зыхуищIыжа къалэнымкIэ зыхищIэ жэуаплыныгъэмкIэ, щIэблэм щIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу хэлъхьэн папщIэ зэфIиха лэжьыгъэшхуэмкIэ.

ЛэжьыгъэкIэ цIэрыIуэ хъуа адыгэ бзылъхугъэм и щIыбагъ къыдэтщ лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унагъуэ. Мариерэ и щхьэгъусэ Хьэсэнбийрэ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) бынитI къащIэхъуащ. Я щIалэ Замири я хъыджэбз Мадини щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ, ахэр унагъуэ дахэ хъужауэ мэпсэу, щIэблэ узыншэ къащIэхъуэу, я ехъулIэныгъэхэмкIэ нэхъыжьхэр ягъэгуфIэу.

Лъэпкъым зиузэщIыным, абы и ехъулIэныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэ купщIафIэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ зэфIэзыха ДыщэкI Марие, егъэджакIуэ Iэзэм, гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэм, Iуэху дахэ куэдым я жэрдэмщIакIуэм, хэкупсэ нэсым, анэ гумащIэм, анэшхуэ IэфIым дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу куэдрэ дяпэ итыну, гъащIэм, и бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм гу ящихуэу, насыпрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэу дунейм тетыну. ДыщэкI Марие хуэдэ цIыху щыпкъэ къызыхэкI лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыдахэм шэч хэлъкъым!

**ТАМБИЙ Линэ.**

**ДЫЩЭКI Марие и усэхэр**

## ГъащIэ

**Зэранынгъэ сщIащэрэт жызмыIэу,**
**Зэрыслъэкlым хуэдэу сыкъопсэу.**
**Щыуагъэ сIэщIэкIмэ,**
**зы цIыхум тезмылъхьэ,**
**А псомкIи щыщIагъэр сэ**
**си щхьэм фIэзмыхь.**
**Зызогъэкъуаншэ, сошхыдэ, сохъущIэ,**
**ИтIани зыгуэрхэм ар ягъэу къысфIощI.**
**ЩымыIэ зи гъащIэр зыхьыф**
**щапхъэ защIэу,**
**Къыхохьэ пцIы гуэри,**
**догъэпщкIу хуэмыхуагъ.**
**Къэхъуакъэ псынщIагъэм**
**икIагъ къыщихьа,**
**ИужькIэ ди Iэпэм дыщедзэкъэжа?**
**Хэт нэпс къыфIемыкIуэу**
**зи гъащIэр зыхьар?**
**Зэм гушхуэу, зэм хэплъэу**
**дунейм темытар?**
**А псор сэ изопхыр цIыху къэс**
**я къэухьым.**
**Хэт пагэщ, хэт ябгэщ, адрейри жумартщ.**
**ЩыIэкъэ ину и щхьэр иIэту,**
**ЖиIэри ищIэри зыфIэтэмэм?**
**Куэдыжьщ цIыху губзыгъэ,**
**зыхэлъ акъылышхуэ**
**Щыбгъуэту сыт щыгъуи**
**сэбэп, чэнджэщыфI,**
**Уи гуауи, уи гуапи зэхуэдэу зыхищIэу,**
**Пхуэхъуфу дапщэщи уэ щIэгъэкъуэн.**
**НэхъыфIт апхуэдэхэм дэ дахэдэфрэ**
**Нэхъ захуэр, дахэр къыхэтхыфам.**
**Ди ныкъусаныгъэхэр къыдгурыIуэжрэ**
**Ахэр нэхъыфIкIэ тхузэхъуэкIам.**

* * *

**Ди IэпкълъэпкъыррпсынщIэрэ щIэлъэту,**
**Гукъыдэжыр дахэрэ диIэту,**
**Акъужь къабзэр гуапэрэ дэхащIэу,**
**Ди псэр Iуэхуу щыIэм хуэкъабзэрэ**
**Бзаджагъ жыхуаIэр тхэмылъу,**
**ЦIыхуми дунейми дахуэжумартрэ**
**Ди хьэлэлагъым и сэбэп къыдэкIыу,**
**МахуэщIэм дытехьэну Iэмин!**

* * *

**Ди япэ джалэм дыщIэвмыгъэнакIэ,**
**Ди кIэ къихуэр ауан дывмыгъэщI,**
**Нобэ ди Iуэху хуэхъумэ,**
**пщэдейрейр хэт зыщIэр?**
**ГъащIэм къыдищIэнур хэт**
**и дежкIи щэхущ.**

* * *

**ЦIыхум Iей хыумыгъэфащэ зэи,**
**Убгэн, ухъущIэн уигу къыумыгъэкI.**
**Пхуэмыфащэу ар уэ къыуипэсами,**
**Абы щхьэкIэ диным уэ уимыкI.**
**ЦIыхур зэралъытэр и жьэм жиIэрщ,**
**Ар езым и тхьэмыщкIагъэу бжы.**
**И щхьэм аращ абы хуигъэфащэр,**
**«ХуэфIыр есщIащ» жери игу мэпсэху.**
**Зыщ абы мы и щхьэр зыхуэмыкIуэр -**
**Iейр дапщэщи уи щхьэм къылъосыж.**
**Нэхъ хей дыдэм тохуэ лей зепхьахэр -**
**Куэдрэ жаIэу ар сэ зэхэсхащ.**
**Дауэ хъун-тIэ ар си бынхэм лъысым?**
**Фегупсыс абыи, Iичрам къэдвгъэхь,**
**Зым и быни дыхуэвмыгъэпсалъэ,**
**«Уэху», жывмыIэ зэIыхьам я Iуэху.**
**Ялыхь дыщыхъумэ дэ апхуэдэм,**
**ЖыдвгъэIэфи, сэбэпи дывгъэхъу.**
**Дызэрыхуей дыдэм хуэдэу пэжу**
**Псоми я гупсысэр мышэщIа,**
**Зи хьэсэпэр кIэщIым уэ фIэкIыфи,**
**Езыми зы щапхъэ къыхихынщ.**

* * *

**Фи бын дыдэм ефIэкIыжу**
**ЩIэблэ цIыкIу фэ къыфхэхъуащ.**
**Тхьэшхуэм жиIэ ар къэхъуну,**
**КъыхэкIыну щIалэ (е хъыджэбз) нэс.**
**Дадэ, нанэ жиIэу гуфIэу**
**Ар фи IэплIэм ирырес,**
**Гуауи жагъуи фщхьэщихыфу,**
**Фи жьэгу пащхьэм дрырес.**
**НасыпыфIэу фи унагъуэм**
**ГъащIэу иIэр щрырехь.**
**Узыншагъи IуэхуфI куэди**
**КъыдэкIуэну къыщIыукI.**

* * *

**Зи нэ цIыкIуитIыр пыжьынэ**
**Зи нэгу угъурлыр къигуфIыкI,**
**Зигу зэIухауэ хэткIи гуапэ,**
**Iуэху ищIэн хуеймэ, мыщхьэх.**
**ИкъукIэ зэпэщщ уи еджэныр,**
**Ныбжьэгъу фIэрафIэхэр уи куэдщ.**
**ПщIэ яхубощIыр нэхъыжьхэм,**
**Я псалъэр тIу зэи умыщI.**
**Мэлэчыпхъу хуэдэу губзыгъэ,**
**Лашын ещхьыфэу мыщхьэх,**
**Уи теплъэр ещхьщ Дахэнагъуэ,**
**Iэдииху хуэдэу Iэдэбщ.**
**Ди хъыджэбз дахэ, ефIакIуэ,**
**Адыгэ пщащэу зыгъэIу,**
**Уи адэ-анэр бгъэлъапIэу,**
**Дэнэ утыкуи къикIыж.**




**Гупсысэр - псалъэкIэ**

# Лъагъуныгъэ щхьэрыуа

Аргуэру уэращ сызэгупсысыр. Аращ, уэращ. Ар дауэ? Къигъэзэжауи си лъагъуныгъэм? Апхуэдэ къэхъурэ сытми? ЩIэслъхьэжатэкъэ, згъеижатэкъэ, уеблэмэ хуэфэщэн зэманкIи сыхуэщыгъуэжатэкъэ? Зыри гурыIуэгъуэкъым.

Сыту гугъущэ срагъэхьрэ-тIэ си щхьэм щызеджадэ гупсысэ къомым. Сатхьэлэным хуэдэу къыщIогъуалъхьэ си тэмакъым, щхьэрыутIыпщ ящIа псыдыуэу щIагъэкIуэсыкI си лъыр, си псэм лъэныкъуэ куэдкIэ къыщоIэ, зэпатхъын я мураду...

Аргуэрыжьти, къыстегуплIащ си гупсысэр, нэкъыфIэщIымрэ фIэщмыхъуныгъэмрэ зыхэз гупсысэр. ЗигъафIэу къиувэжащ си пащхьэм, къыщIэбэкъуэжащ си пэшым, къыхыхьэжащ си пщIыхьым, къыхэбэкъуэжащ си гъащIэм, къитIысхьэжащ си гущIэм. КъысхуэкIуэжащ гугъусыгъур ебэкIыу.

ГъащIэм дыджыпIэу, гузэщыгъауэу хэлъ куэд уи натIэ хъуну иухамэ, Iэмалыншэщ, армыхъуамэ зи гущIыIу щIы тракIутэжу нэпскIэ иралъэсэхыжам зэгуэр къигъэзэжу хэт игъэунэхуа? Ари уифI лъэпкъ щIэмыхъуэпсрэ хъуапсэнэIуу укъигъэнэн хьэзыру уи пкъым къитIысхьэжу. Жеиншэ жэщу пфIидыгъуар фIэмащIэу, нэпсу щIэбгъэкIамкIэ игу къыптемызэгъауэ, и деж гущIэгъу къыщыбгъуэтыныр къэгъэнауэ, и нэщхыр пхырыплъыгъуей пшагъуэу къыпщхьэщыт зэпыту йозыгъэхьэкIар уи лъэмбым къиувэжыныр зыкIи хъуэпсэгъуэкъым. Уеблэмэ щIэткIукI-щIэсыкIыр къыпхуэзыгъакIуэу уи жагъуэгъур зыщыгуфIыкIын Iуэхущ.

Сыту куэдыщэм къыщалъэтыхьрэ си гупсысэ къызэбгъэрыкIуэжахэм.

ЩIапщытыкI си псэм и лъахэр, ирожэ си лъынтхуэхэм – зы IэпапIэ къагъанэркъым зыкърамыгъэщIэжу, зыкърамыгъэщIыхужу. ЗыхэсщIэу сагъэкIэзыз, саудыныщIэ. КъысхуэщIэркъым къысхуеблэгъэжам сызэрыпежьэну щIыкIэр – сыхуэгуфIэнущи, гуныкъуэгъуэу къызитам си нэгур зэлъыIуагъэкIуэтын къысхуадэркъым. СыщIэгубжьэу есхужьэжынущи, сощIэ, зыкIи сызэрыпэмылъэщын къарукIэ къыспэувынущ. ЗэкIэ сыIэмалыншэщ. Моуи согупсыс: къэзыгъэзэжыр сыт жиIэрэ? Мыри гъащIэм и зы тыгъэу арагъэнщи, къэсщтэжынщ, сэр нэхъыфI игъуэту къигъэнауэ зэрыщымытыр къэслъытэнщи.

КХЪУЭIУФЭ Рабия.

**Шхыныгъуэхэр**

## Нартыху зэтеуда хьэнтхъупс



Нартыху зэтеудар тIэу-щэ щIагъэпщ, псы щIыIэкIэ плIэ-тхуэ ялъэс, итIанэ шыуаным ит псы къэкъуалъэм хакIутэ зэIащIэурэ, тхъурымбэр къытрах, мафIэр щабэ ящIри шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъэ 20-25-кIэ ягъавэ, Iув хъуху. Абы зэIащIэурэ шэ гъэпщта щIакIэ. Шыгъу хадзэри, щIэх-щIэхыурэ зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Пщтыру фалъэ кум иракIэри шатэпс тракIэж. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***

нартыху зэтеудауэ - г 50, псыуэ - г 300, шэ щIэмыхуу - г 400, шатэпсу - г 50, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

### Джэш лыбжьэ

Джэшыр зэхадз, фIыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакIутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтрэ ныкъуэкIэ ягъавэ. Шыгъу хадзэри иджыри апхуэдизкIэ ягъавэ. АпщIондэху псыр щIэващIыIэмэ, псывэ щIакIэ. Джэш вар зэрыпщтыру яуб е лыхьэжым щIагъэкIри шыуаным иралъхьэж. Абы тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шыбжий сыр хакIутэ, а псори зэIащIэ, шатэ хакIэри дакъикъи 7 - 8-кIэ къагъэкъуалъэ.

Хьэзыр хъуа джэш лыбжьэм джэдгын хаудэри и щхьэр тепIауэ тIэкIурэ щагъэт мэ дахэ къиштэн щхьэкIэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ е пIастэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):***

джэшу - г 200, псыуэ - г 1450-рэ, бжьын укъэбзауэ - г 30, тхъууэ - г 60, шатэу - г 160-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.



## ЦIыхубз псоми я щэхур

Еуэри зы уэркъыжь гуэрым къуищ иIэт. Щыри фызкъэмышэт. «ЦIыхубзхэр зыхуеймрэ зыщIэхъуэпсымрэ къэзыхутэм си мылъкур зэрыщыту къыхуэзгъэнэнущ», - жиIащ адэм. ЩIалэхэр ежьащ цIыхубзыр зыхуейм и жэуап къагъуэтыну. Мазэ бжыгъэкIэ къакIухьауэ, щIалэ нэхъыщIэр мэзым щIэту уд фызыжь ирихьэлIащ. ЩIалэр игъэхьэщIащ, игъэшхащ, иужьым къеупщIащ:

- Сыт уэркъ щауэм уи закъуэ мэзым щыпщIэр? - жиIэри.

ЩIалэр къыщIежьар хуиIуэтащ удым.

- Уэ пщIэрэ, ди анэ, цIыхубзхэр зыхуейр?

- СощIэ! – и нэр къилыдыкIащ.

- КхъыIэ, къызжеIэ! – лъэIуащ щIалэ къуданыр.

- БжесIэнщ, ауэ абы щхьэкIэ щхьэгъусэу сыкъэпшэнущ.

Щауэр гупсысэщ, гупсысэри, арэзы хъуащ.

- ЦIыхубзхэр щIохъуэпс езыхэр зэрыхуейм хуэдэу псори сыт щыгъуи щытыну.

- ГурыIуэгъуэщ. АтIэ, сэ сежьэжынщ, мыпхуэдэ махуэм фызышэр къыпкIэлъыкIуэнущи, хьэзыру щыс, - жиIэри, щIалэр шэсыжащ.

ЩIалэм ихьа жэуапым уэркъыжьыр арэзы ищIати, и пщыгъуэри и мылъкури и къуэ нэхъыщIэм къритащ, фызышэри удым кIэлъыгъэкIуащ. НысащIэр къышашам щIалэр къэуIэбжьат – абы нэхърэ нэхъ дахэ дунейм темыт жыхуаIэм хуэдэу тхьэIухуд хъуати. Псоми ягъэщIагъуэрт щауэм щхьэгъусэу къыхуашам и дахагъэр. ХьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIри, щауэр лэгъунэм щIыхьэжащ. НысащIэр уд хъужауэ къежьэу щыст.

- Иджы сэ зы упщIэ уэстынущи, къызэдаIуэ, - жиIащ удым. – Хэдэ, ухуеймэ игъащIэ псокIэ нобэ сыкъызэрыплъэгъуам хуэдэу дахэу сыщытынщ, ухуеймэ, уду сыкъэнэнщ.

- Уэ узэрыхуейм хуэдэу щIы! – жэуап итащ щIалэм.

- ЦIыхубзхэр дызыхуейр къыбгурыIуащи, дахэ сыхъужынщ, - жиIащ жи удым.

**Псалъэ пэжхэр**

## Дунейр чэзущ

- **«Акъыл уэстын, хьэмэрэ былым уэстын?» - щыжаIэм, «Акъыл къызэти, былым сэ къэзгъуэтыжынщ», - жиIащ.**
- **Акъылыр жыжьэу маплъэ, нэр абы и лъагъуэм ирокIуэ.**
- **Вы хъунур шкIэ щIыкIэ ящIэ.**
- **Гум пыкIыр, гум хохъуэж.**
- **Гур зыхуеIэм, Iэр лъоIэс.**
- **ГуфIэгъуэри гуIэгъуэри къызэдокIуэ.**
- **Делагъэм уритепщэ нэхърэ, акъылым урипщылIмэ нэхъыфIщ.**
- **ДунеймкIэ зызыгъэнщIа хьэдрыхэ кIуакъым.**
- **Дунейр чэзущ.**
- **ЖаIэ псор къэхъуркъым, къэхъу псор яIуатэркъым.**
- **Зым и хущхъуэ зым и щхъухьщ.**
- **ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.**
- **Iуэхум я нэхъ быдэр гухэлъ пэжщ.**
- **Бажэр ущу ежьэмэ, мэщакIуэ.**
- **Iэнэр зыхуаухуэр лъагъуныгъэщ.**
- **Хуарэр зыгъэIэдэжыр зекIуэлIщ.**
- **Ириуэнуи ириштэнуи гу кIуэцIылъкъым.**
- **Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ жылэ и зырыз благъэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Гум, пхъэIэщэм щIэщIа вым зэрызытрашащIэ чы псыгъуэ кIыхь. **3**. Бадзэм щхьэкIэ жаIэ: «Хуабэ хъумэ ..., щIыIэ хъумэ мэдий». **17**. Щхьэхуимыту яIыгъ цIыху. **8**. КъардэнгъущI Зырамыку, Къуныжь Хьэждал, Мэремыкъуэ Хъусен, Тут Заур сымэ я уэрэд жыIэкIэр цIыхум гунэс зэращIыхъум ... хэлъкъым. **10**. Псэлъэн щIэзыдза сабий нэхъ цIыкIухэр джэдум апхуэдэу йоджэ. **11**. Мурад, гухэлъ, хъуэпсапIэ. **16**. Шы «вакъэ». **17**. Пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу къызыпыкIэ губгъуэ, мэз жыг. **19**. ТхьэкIумэкIыхьым фIыуэ илъагъу хадэхэкI. **20**. ДжэдыкIэрыпщ. **21**. Фэ кIапсэ зэрыхъуам къыхэщIыкIа цIыхухъу вакъэ, нэхъапэхэм зэрахьэу щытауэ.

***Къехыу:*** **1**.Гъавэ трасэн хьисэпкIэ къызэрагъэдзэкIа щIы. **2**. Зиусхьэн лъэпкъ. **4**. ... бэлътоку е бостей. **5**. Псы ежэхым и ... макъ. **6**. Уэх куу. **8**. Блэм и бзэгу. **9**. Гъэмахуи щIымахуи зи тхьэмпэхэр щхъуантIэ жыг. **12**. Егъэлеяуэ ерыщ. **13**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **14**. ЩоджэнцыкIу Алий и усэхэм щигъафIэ гъатхэпэ удз шакъафэ-къащхъуафэ цIыкIу. **15**. Лы ефам и ... макъым фызыр игъэжеякъым. **18**. ... вы бжьакъуэм къокI.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***ЩэкIуэгъуэм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Къауц. **4**. Быргу. **6**. Уэд. **8**. Гъаблэ. **10**. Акъбащ. **12**. Мастэ. **13**. КъуанщIэ. **13**. Кусэ. **15**. Сыхъэ. **17**. Сурэ.

***Къехыу***: **1**. Гуу. **2**. Мы. **3**. Къагъырмэс. **5**. ГуащэIэпэ. **6**. Уэншэку. **7**. Дамэкъуэ. **9**. Бырс. **11**. Бгъэн. **16**. Хъы. **18**. Уд.

**Чэнджэщхэр**

## Матэкхъуей зэрыхахыр

ЦIыбэ ящIу щытащ щынэм и куэм хэлъ къупщхьэр. А къупщхьэр ягъэжьэри мис итIанэ цIыбэ къыхащIыкI. Ар бгъавэ хъунукъым, и Iупэр мэлъалъэри.

* * *

Матэкхъуейр жэмыр лъхуэуэ махуищ дэкIа иужькIэ къаша шэращ къызыхащIыкIыу щытар. Мыпхуэдэуи хахырт: лъатэпсыр шатэпскIэ зэIахырт, ар шэм хакIэжырти абыкIэ матэкхъуей хахырт.

* * *

Хывышэм и тхъу гъэвэжар зэIымыхьэу мазитI-щыкIэ щытщ, щIыIэпIэ ямыгъэувми.

● Пшыхьхэр



# Бзылъхугъэм и зэфIэкI

**Вэрокъуэ Владимир и цIэр зэрихьэу Налшык дэт Щэнхабзэмкlэ фондым и lуэхущIапIэм иджыблагъэ зэlущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы утыку къыщрахьащ макъамэ IуэрыIуатэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Абхъаз Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институт Гулиа Д. и цIэр зезыхьэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик Чурей Дыжьын «Абхазская диаспора: инструментально-танцевальные наигрыши» зыфIища и тхылъыр.**

ЗЭIУЩIЭМ зыкърагъэхьэлIат Дыжьын Налшык къыщыдеджахэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыдэлэжьахэм, макъамэрылажьэхэм, фIыуэ къэзылъагъу и ныбжьэгъухэм. Пшыхьыр нэхъри нэхъ гуапэ, нэхъ хуабэ ящIырт и щхьэгъусэ, и IэдакъэщIэкI сэхэмрэ къамэхэмкIэ щIыпIэ куэдым къыщацIыху IэпщIэлъапщIэ Дзидзарие Тимуррэ и къуэ цIыкIумрэ щIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуэжам. Дыжьын и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ кIыхьу и гугъу тщIынкъым ар Налшык фIыуэ къыщацIыхуу, «Адыгэ псалъэ» редакцэм и ныбжьэгъуфIу, щIэх-щIэхыурэ езым, и зэфIэкIхэм, и IэдакъэщIэкIхэм я гугъу газет напэкIуэцIхэм щытщIу зэрыщытым къыхэкIыу.

Зи гугъу ящIа тхылъым итщ зэкъуэш лъэпкъитIым – адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ – я хэхэсхэм яхъума уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ (псори 36-рэ мэхъу), абыхэм я щэнхабзэ макъамэр зэрызэпэгъунэгъур, куэдкIэ зэрызэщхьыр хьэкъ пщащIу. КъэхутэныгъэрзэхьэлIар Тыркум щыпсэу адыгэ, абхъаз хэхэсхэм я щэнхабзэр, хабзэм епха уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ къэхутэжынырщ. А лъэпкъитIым ящыщу я хэку къинахэм я гъащIэм хэкIуэдыкIыжа куэд хамэ щIыпIэ щыпсэухэм яхъумащ.

Тхылъым пэублэ псалъэ хуэзыщIар Кавказ Ищхъэрэм ГъузджэхэмкIэ и институтым (СКГИИ) макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ и кафедрэм и доцент Лыджыдэ Алийщ. «Адыгэ, абхъаз хэхэсхэм я пшыналъэхэр, къафэхэр зэхуихьэсыжу абы нотэхэри дыщIигъужыну зыми и Iэ иджыри къэс хунэсакъым. Мыр апхуэдэ япэ лэжьыгъэщ, - щетх Алий и тхыгъэм. – IуэрыIуэтэжу къэгъуэгурыкIуа а макъамэхэр хуэсакъыпэу къыхищыпыкIащ. Дыжьын ахэр Iэмэпсымэхэм къызэрибгъэкIынур щиубзыхум нэхъыбэу зыпылъар дэтхэнэми и пэщIэдзэ щытыкIэ дыдэу щытыр ихъумэнырщ».

Пшыхьыр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ СКГИИ-м и егъэджакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къул Мадинэ. Ар къеджащ Беигуаа О. и цIэр зэрихьэу Сыхъум дэт, Хамэ къэрал щыпсэу абхъазхэм я тхыдэм и музейм и унафэщI Габелие Дмитрий и фIэхъус псалъэ. Апхуэдэуи къызэхуэсахэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ Чурей Дыжьын и зэфIэкIхэм, и лэжьыгъэхэм, Налшыки иджыпсту щыпсэу Сыхъуми щигъэзащIэ къалэнхэм дагъуэншэу зэрыпэлъэщым, и адэ хеттолог цIэрыIуэ Чурей Алий и лъэужьым щIыхь пылъу зэрырикIуэм, нэгъуэщI куэдми.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ СКГИИ-м и егъэджакIуэ, профессор Ахъуэхъу Еленэ, а IуэхущIапIэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор, профессор Ахмедагаев Мусабег, СКГИИ-м щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и унафэщI, профессор Шэрыб Валерэ, уэрэджыIакIуэ Абазэхэ ФатIимэ, хьэрычэтыщIэ, «Тамерис» шхапIэр зей Едыдж Нихьаи сымэ. Абыхэм зы жьэу жаIащ IуэрыIуатэм елэжьыныр зэрыIуэху гугъур, ущыуэнкIэ Iэмал зэримыIэр, Дыжьын хузэфIэкIар институтым и студентхэм къагъэсэбэп хъуну зэрылэжьыгъэшхуэр, а еджапIэм щыщIэсами КъБКъУ-м и инджылыз къудамэм щыщеджам иIа зэфIэкIхэми зэрыщыгъуазэхэр, флейтэм еуэныр фIы дыдэу къызэрехъулIэр, иджыпсту и псэупIэ Абхъаз Республикэми щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ и зэфIэкI хъарзынэхэр къызэрыщигъэлъагъуэр, нэгъуэщI Iэджи.

Гуапэу, хуабэу Дыжьын и гъащIэ гъуэгуанэм, абы и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэми и IэдакъэщIэкI тхылъхэми, и кандидат диссертацэр Налшык и деж зэрыщыпхигъэкIами и гугъу ищIащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм япэу яхыхьэн щIэзыдзахэм ящыщщ ХьэфIыцIэр, абы щыгъуэ цIыхугъэ хуэхъуауэ, псэухуи ныбжьэгъу пэжу иIащ Дыжьын и адэ Алий. Иджыпсту бзылъхугъэм кIэлъыплъыныр, адэ пэлъытэу ар игъэгушхуэныр и къалэну къелъытэ, аращ и дэтхэнэ ехъулIэныгъэми иригушхуэу щIиIэтыр.

Езы Чурейр къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэм кърихьэлIа псоми, мащIи куэди зэгуэр къыдэIэпыкъуахэми, псалъэ гуапэ къыхужызыIахэми. Абы къыхигъэщащ уэрэдрэ пшыналъэу хэхэсхэм яхъумахэр зэхуэхьэсын щIэзыдзар зэры-Алийр, Iуэхум езым зэрыпищар, нотэхэр зэрыщIигъуар. «Лъэтеувэ» зыхуащIа тхылъым хуэдэ бысымхэми хьэщIэхэми тыгъэ яхуищIащ. Апхуэдэуи и мурадхэм ящыщ зым зэIущIэм кърихьэлIахэр щигъэгъуэзащ: зэман гъунэгъум ар хуейщ абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я къафэ IуэрыIуатэм щхьэхуэу елэжьыну. Афэрым!

Пшыхьыр уэрэдкIэ, пшыналъэкIэ ягъэдэхащ Музыкэ къэрал театрым и уэрэджыIакIуэ Теунэ Джэмал, СКГИИ-м и егъэджакIуэ Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэрэ абы и гъэсэн пшынауэхэмрэ, «Удж» ансамблым хэтхэм, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым и студентхэмрэ ар къэзыухахэмрэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



## ГЪУЭНЫБЭ Iэуес:

# Спортыр къызэрыхэсхам сыхущIегъуэжыркъым

**Алыдж-урым бэнэкIэмрэ бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпионатхэу Албанием и къалащхьэ Тиранэ иджыблагъэ щекIуэкIахэм къыщыхэжаныкIа Гъуэныбэ Iэуесрэ Шэрий Иналбэчрэ я щIыхькIэ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым деж щызэхаша гуфIэгъуэ пэкIур зэрызэхэтрэ куэд щIакъым.**



ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Олимп джэгухэм щытекIуа Хъущт Аслъэнбэч сымэ, политикхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр, тренерхэр, спортыр фIыуэ зылъагъухэр, къалэдэсхэр.

Гъуэныбэ Iэуес алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зи ныбжьыр илъэс 23-рэ щIимыгъуахэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ. Урысей Федерацэм и командэм щыщу ди щIалэм и закъуэщ абы щытекIуар. Шэрий Иналбэч бэнэкIэ хуитымкIэ домбеякъ медаль зыIэригъэхьащ.

ГуфIэгъуэ пэкIур зэфIэкIа нэужь, Гъуэныбэ Iэуес упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэзати, и гуапэу жэуап абыхэм къаритыжащ.

**- Iэуес, Албанием щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щыщу сыт нэхъ уигу къинэжар?**

- Нэгъаби сыщыIащ сэ а къэралым. Си гум IэфIу къинэжащ япэ увыпIэр абы къызэрыщысхьауэ щытар. Мы гъэми апхуэдэу хъуащ, ерыщу зыхуэзгъэхьэзырат, зэрыжаIэу, схузэфIэкI къэзмыгъэнэну, сытекIуэну мурадхэр сщIауэ сыкIуати, ар зэзгъэхъулIащ. ИлъэситIкIэ зэкIэлъыпыту япэ увыпIэр абы къыщысхьащи, ар гуапэу си гум къинащ. Нэгъаби зэпеуэхэр а къэралырщ щекIуэкIар, уеблэмэ, дыщыбэнари а зы спортзалырщ. Схуэугъурлауэ жыпIэ хъунущ а щIыпIэр.

**- Командэм и капитану ущытыну ущIэхъуэпсу жыпIат, ущынэхъ щIалэм. АтIэ, нэгъаби хуэдэу, мы гъэми а щIыхьыр къыпхуагъэфэща?**

- Пэжщ, сызэрысабий лъандэрэ сыщIэхъуэпсырт командэм и капитан сыхъуну. ГъэщIэгъуэнракъэ, япэм гуп пашэуи, старостэуи зэи сыщытакъым. СощIэж, къэралым и командэ къыхэхам хагъэхьэнухэмрэ капитану ягъэувынумрэ къыщыхахым, Власов Роман ар дзыхь зэрыхуащIауэ щытар. Тренировкэм сыздэкIуэм сигукIэ жысIэрт: сэри зэгуэр капитан сыхъунщ, зэхьэзэхуэхэм сыщытекIуэурэ балигъхэми я капитану сыхахынщ. Аращи, хуэмхэмурэ абы сыхуэкIуащ, нэгъаби хуэдэу, мы гъэми а къалэныр згъэзэщIащ.

**- Зэхьэзэхуэ екIуэкIамкIэ къэдгъэзэжмэ: абы и кIэух зэIущIэм бэнакIуэ лъэщ къыщыппэщIэтащ.**

- КIэух зэIущIэм и бжыгъэр 4:0-у къыфIэсхьащ Нидерландхэм щыщ бэнакIуэ Стеркенбург Марсель. 2021 гъэм Румынием дыщыIэу ар къыстекIуауэ щытати, Iуэхур згъэзэкIуэжащ.

**- Сыт хуэдэ Iуэхугъуэми упэрыхьэн щхьэкIэ абы щхьэусыгъуэ гуэр иIэн хуейщ. Уэ спортыр, алыдж-урым бэнэкIэр къыщIыхэпхар Хъущт Аслъэнбэч щапхъэ пхуэхъуауэ ара си гугъэжщ.**

- Хъущт Аслъэнбэч и «лъэхъэнэт» спортым сыщыхыхьам. Абы олимпиадэр къызэрихьу си къуэш нэхъыжьхэм загъэсэн щIадзащ. Сэ илъэсихрэ ныкъуэрэ сыхъуу арат абы щыгъуэ. Езанэ классым сыкIуауэ ахэр зэ къызэджащ, тIэу къызэджащ, ещанэм – спортзалым сыщIыхьэри - абы сыкъыщIэнащ. ИужькIэ, си къуэшхэм бэнэн щагъэтыжри, си закъуэ сыкъэнащ.

**- УщIегъуэжакъэ?**

- Хьэуэ. Сэ сызэрысабий лъандэрэ сыхъуапсэрт дунейпсо чемпионатым сыкIуэу, абы сыщытекIуэну. СщIэрт, ар зэзгъэхъулIэн щхьэкIэ ерыщу сызэрылэжьэн хуейр, сыкъикIуэти хъунутэкъым.

**- Иджыпсту сытхэр уи мурад?**

- Илъэс дызыхуэкIуэм Урысей Федерацэмрэ Европэмрэ я чемпионатхэр къытпэщылъщи, абы ерыщу зыхуэзгъэхьэзырынущ, ахэр къызэрысхьыным сыхущIэкъунущ.

**- Хамэ къэралхэм я бэнакIуэхэу зэхьэзэхуэхэм къывдыхэтхэм зыгуэрурэ зыкъыщыфхуащI, ныкъуэкъуэгъу фыщащI къэхъурэ, Урысей Федерацэм фызэрыщыщыр къащIа нэужь?**

- Хьэуэ, апхуэдэ зэи къэхъуакъым. Дэ псори илъэс куэд щIауэ дызэроцIыху, зэхьэзэхуэхэм дыщызэIуощIэ, дыщызобэн. Гуапэу дызэхущытщ, гужьгъэжь зыми зэхуаIэкъым. Сызыщыщ къэралым теухуауи, сэ къысхуэгъэзауи зыми зыгуэру зыщищI срихьэлIакъым.

**- Иджы екIуэкIа олимпиадэм ди къэралыр ирадджакъым, абы къыхэкIыуи язынықъуэ федерацэхэм унафэ къащтат я спортсменхэр абы ямыгъэкIуэну. Ауэ хъыбархэр къэIуат, зыми емыдаIуэу, абы кIуэну хуеяхэри зэрыщыIам теухуауэ. Дауэ узэреплъыр: унафэр умыгъэзащIэу абы укIуэныр пфIэзахуагъэ?**

- Хьэуэ, жаIамэ, абы ущIебэкъуэн щыIэкъым.

*Фигу къэдгъэкIыжынщи, Гъуэныбэ Iэуес Урысей Федерацэм и чемпионщ (2023 гъэ), ещанэ увыпIэри къихьащ (2022 гъэ), СНГ-м хэт къэралхэм я Джэгухэм тIэунейрэ щытекIуащ (2021, 2023 гъэхэм), дунейпсо чемпионатым ещанэ щыхъуащ (2023 гъэ), дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэхэм (зи ныбжьыр илъэс 23-м щIимыгъуахэм я деж) япэ щыхъуащ (2023, 2024 гъэхэм), Европэ зэхьэзэхуэм (зи ныбжьыр илъэс 23-м щIимыгъуахэм я деж) и дыщэ медалыр къихьащ (2024 гъэ).*

*Епсэлъар* **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.487 • Заказыр №2468

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А